Әскербай ӘЖИНИЯЗОВ



# ҚОСЫҒЫМА САЙЫЛМАН

Әскербай ӘЖИНИЯЗОВ

# ҚОСЫҒЫМА САЙЫЛМАН

НӨКИС
«БИЛИМ»
2016

УОК 821.5.
512.12-1
КБК 5 Қар
Ә — 45

**Ә. Әжиниязов. Қосығыма сайылман.**
Нөкис, «Билим» баспасы, 2016-жыл. 120 бет.

**УОК 821.5.**
**512.12-1**
**КБК 5 Қар**
**Ә — 45**

2009-жылы шайырдың «Аманат» атлы китабы жарық көрген еди. Қолыңыздағы китапта сол «Аманат»тан серелеп алынған қосықлар киргизилип отыр. Баспа жәмәәти алдағы ўақытлары шайырдың басқа да қосықларын жәриялаўды режелестиреди.

**Баспаға таярлаған ҳәм қайырқомлық еткен**

**Камал Палымбетов**
**Зыяда Бекбергенова**

ISBN 978-9943-18-26-4

**© Әскербай Әжиниязов, 2016.**
**© «Билим» баспасы, 2016.**

**И.Юсупов**

## ӘСКЕРБАЙ АЛПЫС ЖАСЫНДА

Ҳәй сақый, қуй қәне бир кәса шарап,
Қуры хошеметти сүймес Әскербай,
Журтлар бул дүньяның жүзине қарап,
Күйсе күйе берсин, күймес Әскербай.

Бул бенделер бири-бирин қыйнасып,
Жүре берсин гә айтысып, сыйласып,
Ялғаншыны сирисинен бир басып,
Жыртық ботинкидей кийер Әскербай.

Шахаман елинде енеден туўып,
Қосық қоян болса ийт болып қуўып,
Ғам-қайғыны бир қос шаршыға түйип,
Ертеде дәрьяға атқан Әскербай.

Дәрўиш дейин десем, қылқа тоны жоқ,
Мәжнүн дейин десең, Ләйли яры жоқ,
Шайырлар бар қосығының дәми жоқ,
Олардай биймәни емес Әскербай.

Бир аққан суў қайтып ақпас салмадан,
Жасаў бендесинен, өмир-алладан,
Қарақалпақта Омар Ҳайям болмаған,
Ең болмаса, болсын мейли Әскербай.

Ҳәй сақый, қуй және бир кәса шарап,
Ертең таптырмайды бүгинги қонақ,
Не қыламыз жасы қанша деп сорап,
Сол шалқыўы менен өтсин Әскербай.

*1997-жыл*

## «ШАЙЫРЛЫҚ ҚАЙДАН ШЫҒАДЫ...»

Өзим туўралы айтатуғын болсам, онша аўыз толтырып айтқандай «даңқлы жолды» басып өтпегенмен. Урыстан бурынғы жыллары туўылған өз заманласларым сыяқлы, отызыншы жыллардың екинши ярымында жапатармақай жүз берген қорқынышлар «салқынын» салған әўладтың «типик» бел перзентимен. Бирақ мен өз дәўиримниң улы болып қалғым келеди. Басқаша болыў да мүмкин емес. Жети жасыма дейин ата-анамның, жети жасымнан кейин жаңа мектептиң «классикалық» тәрбиясында болдым. Басқа тәрбияны билмеймен. Мен ҳөзирде сол урыстан соңғы жыллардың, балалық ҳәм жас өспиримлик жылларымның идеяларына пүтамам садықпан. Сол жыллардағы класслас, аўыллас жораларыма ҳәм ерте ер жеткен қатар қызлардың барлығына да миннетдар садықлығымды да «бар даўыс пенен» айта аламан.

1937-жылы 20-декабрде бурынғы Қараөзек районына (1935-жылдан баслап Мойнақ районына) карaслы 9-«Аққала» аўыл кеңесиндеги «Гедей» деген жерде туўылғанман. Усы «Гедей» деген жердеги «Аққум» аўылында садағаң кетейин заты шерип Күнхожа ҳәм Бердақ бабаларымыз ҳәм дүньяға келип өсип-өнген. Олардың үрим-путақлары ҳәзир мениң аўылласларым. Мениң «бақша жасым» – «Аққала» аўыл кеңесиниң «Тельман» атындағы «Билим туўы» колхозлары жайласқан жерлерде, «Ақдәрья» менен «Жалпақ жап» тың бойларында өткен. (Бирақ бизлер бақша дегенди жақында билип ҳәм көрип атырмыз).

Балалық ҳәм жас өспиримлик жылларым «Опакөл» әтирапында өтти. Сонлықтан мен жоқарыда аты аталған еки районның да өз баласыман. Ең өзиз көз қыймас қатар-қурбыларымда «Аққала» менен Есим бойының қара баллары менен ўаҳ дарих қарамықтай қара көз қызлары еди.

Қараөзекте оқыдым. Мектеп питкердим. Әдиўли устазларымда усы елдиң ағартыўшы азаматлары еди.

Өз заманласларыма усап үш жыллық әскерий хызметтен соң және оқыў, жумыс ислеў сыяқлы өмир этапларын басып өттим.

Мен Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының тәбияттаныў факультетин химия-биология қәнигелиги бойынша питкерип шықтым. Көбинесе баспа сөз, газета-журнал дөгерегинде ислеп келдим. Муғаллимшиликти ертелеў қойып кеттим. «Қарақалпақстан» ҳәм «Билим» баспаларында аға редактор болып жумыс иследим. Қосық жазғанды қоя алмадым, сирә. Он-он еки жасларымда да бет ашарды өзим шығарып, келиншеклердиң бетин ашқанларым есимде. Көп қызлардың бетин аштық пайдасы не?!...

Енди, (егер мени халық растанда шайыр сыпатында тән алар болса) шайырлық деген «шатақ» талапқа қалай тап болғанымды айтып бериўге тырысаман. Бирақ, алдын ала соны айтыўым керек, ҳешким оқып я басқалардан үйренип шайыр болмайды. Шайырлық — бул туўма қәсийет. Ол әрўақтай бир нәрсе, қалай дегенде де шайырлық жолдан қосылатуғын «тоқал» емес, әйтеўир. Өз қарақан басым солай ойлайман. Бул айтылғанлардан шайырлық деген де билимниң, саўатлылықтың, мәдениятлылықтың парқы жоқ деген мәни келип шықпайды. Керисинше, китабий саўатлылық, тәбийғый шайырлық таланттың ушқыр қанаты. Оның өрисин кеңейтетуғын булақ. Бирақ алпыс академияның ағзасы болған алым, жазыўшылар аўқамына ағза бола алмаўы мүмкин. Өйткени, оқып шайыр болыў мүмкин емес. Ал, қосық оқыўға ҳәм жазыўыма жәрдемши дәрежеде тәсир еткен ўақыялар ҳаққында азы-кем айтып берсем. Олар төмендегише баянланыўы мүмкин:

Бизлер отырған сол жай көшип кеткен мектептиң жайы екен. Ол ўақытлары әкем Әжинияз Палўанов 9-«Аққала» аўыл кеңесиниң, соң «Билим туўы» колхозының баслығы ҳәм басқа да ҳәкимшилик хызметлерде ислеген. Биринши классқа барғанда латыншаны жүритип оқый алатуғынымды әдиўли китап оқыўшыларыма билдириўим шәрт. Қәбилети жоқ бала арнаўлы үйретилмеген алфавитти өзлестирип, 1-класында әдебий китап (дәстан) ларды оқый алама? Буған тағы да өз гезегинде мениң қосыққа деген қатаң

куштарлығым себепши болыўы керек деп ойлайман. Бирақ ол ўақта булар туўралы, шайырлық деген нәрсе туўралы ҳешқандай ойланыпта көрмегенбиз. Булардың бәрин майдалап айтып атырғаным, жүдә жас ҳәм балалық жылларымда зейинли бала едим деп мақтаныў ушын емес, ал, мендеги «бул қәсийетлер» мен де «шайырлықтың ийиси» болғанлықтан шығар деп ойлайман.

Ендиги сөз есим енип мектеп жасына келгенимде қосыққа қалай қызыққаным туўралы. Алдын айтып өткенимдей, 1-классқа барған жылы мен латынша оқый алатуғын едим. Оны үйрениўиме «шайырлық балалық кесели» себеп болған-аў сирә. Буның да себеби бар. Өйткени оны маған биреў үйретиўи керек емес пе? Мен де сондай устаз болды. Ол әкемниң туўысқан бөлеси етикши Төренияз аға еди. Бул киси қай жағынан да он қолы ойылған шебер уста, нәшели жигит. Ол урыстан кейинги 1945 — 48-жыллары бизиң үйде болды. Бурын оны таныйтуғыным есимде жоқ. Латынша саўат ашқан, солдат кийиминде жүретуғын бул адам дәстан китапларды бизлерге ҳәр күни кеште оқып беретуғын еди. Мен оған оғада баўыр басып қалдым. (Оның үйлениў тойы да бизиң үйде өтти). Дәслепки тыңлағаным «Едиге» еди. Сонда мен Төренияз ағаға маған китап оқыўды үйрет деп турып алдым. Ол үйрете баслады. Көп узамай таза алфавит пенен қатар латыншаны да еркин оқыйтуғын болдым. Сөйтип туңғыш рет латынша «Едигени» 1-класста-ақ өз көзим менен оқыдым. Соң «Қоблан», «Алпамыс», «Мәспатша» ны оқып шықтым. Бул 1947 — 48-жыллар еди. Ол ўақта бизиң үйлер «Мәлим Ата», «Өстемир терек», «Үш хожа» деген жерлерде «Түркмен қырылған қумы» ның әтирапларында болды. 1949-жылы «Таза Қараөзек»ке көштик. Усы районның ҳәзирги «Қараөзек» совхозында балалықтың қызықлы базарын өткердим. Усы жерде 1950-жылы «Қырық қыз» бенен таныстым. Онда колхоз баслығы болған әкем қайдан алса да алып келген еди. Ескише (арабша) нәдәўир жетик саўатлы ол китапларды биреўге оқытып ҳәм тыңлап ҳәм додалап отыратуғын еди. Көбинесе қоңсымыз Жубатыр деген қазақ жигити даўыслап оқып отырады. (Бул да сол «Қараөзек»

совхозында болды). Сол жылы әкемнен биринши рет Асан Бегимов деген атты еситтим. Ол әкемниң Зайыр, Қараөзек, Мойнақ бойынша жасынан таныс жорасы екен. Әкем бул туўралы жаңағы «қыссақанға» түсиник берип Асан аға туўралы, Төрткүлде танысып, бирге оқыған жорасы Жолмырза Аймурзаев ағаларды да айтып отыратуғын еди. 1954-жылы шығар деймен. Меңлибек аға Әбдиреймов пенен үйге келген Асан ағаны биринши рет көрдим.

Екинши, үшинши себеплер төмендегише еди: «Өстемир терек»те отырмыз. Аўыллас ағайин әжағаларымыз Боранбай Әжибеков, Худайназар Хожаниязов Шымбайда педучилищеде оқыйды екен. Ал, бул жер Қазы Мәўликтиң ағартыўшылық дәстүрине садық адамлар бурынғы дәстанларды қол жазба түринде тарқатады екен. Әне жаңағы еки студент ағамыз 1949 — 50-жыллары аўылға «Ғәрип ашық», «Юсуп Ахмет» дәстанларын, көплеген халық қосықларын жазып әкелипти. Мениң үлкен әжағам жаңағы еки студенттиң жорасы болғанлықтан, дәстанлар бизиң үйге қуўысқан екенғой, соң билсем. Сол еки дәстанды ағайлардың өзлери берген «общий тетрадьқа» ең дәслепки көширип алғанлардың бири мен едим. Мениң жасымдағы балалар негедур олай етпеди. Кеңесбай Әжиниязов әжағам «Ғәрип ашық» ты көширип алған екен. Сол жыллары Аяпбергенниң «Қоңыратбай», Ж.Жийемуратовтың «Игам» дәстанлары халық арасында қол жазба түринде кең таралған еди. Шымбай қосығы, Бердақтың, Аббаздың қосықлары, айтыс қосықларыда сол тәризде тыңлаўшысын табар еди. Мен бул еки дәстан ҳәм көплеген ески қосықларды көширип алдым. «Қоңыратбай» ды дерлик ядқа билер едим. Ҳәзирде бираз жерлери ядымда.

Солай етип мен де уйқастырып сөйлеў «жапсағы» жүз бере баслады. Туўысқан ағам Кеңесбайдың 50-жыллардың басын баслап орталарына шекем жазған мухаббат ғәззеллериде тәсир еткен болыўы керек, сондай әдетке мен де шатылдым. Соң бул әдетлер расқа айланып мен уйқастырыўды даўам ете бердим.

Ал, әжағаларым ол әдетлерин узақ сақлай алмады.

Улыўма қарақалпақ шайырларынан жаслығымда унатқанларым Әжинияз, Бердақ, Аббаз, Аяпберген,

Тилеўберген аға. Турхожа, (Хожамурат Турымбетов) соң биринши унатқаным Байнияз ағаның «Көк емени», И.Юсуповтың екинши китабы («Күншығыс жолаўшысына»). Басқа да айтар «себеплер» көп, бирақ оның несин айтасаң...

Бир аўыз пикир билдирмекшимен. Бизде мапазлық қосық, «мәңгилик қосық» деген гәплер айтылып жүр. Биринсисин урбериге алыңқырайды. Негизинде мапазлық қосық жоқ. Өмирдиң өзи — қосық. Сонлықтан қосық неге арналса да ол қосық. Буны айтқанда биреўлерди я өзимди ақлаў ушын емес, мапазлық деп таңба басылған қосық егер ол шайырлық жедел-желис пенен жазылып адамда жыллы сезим пайда етсе, оны жазғырмаў керек. Районға арнап қосық жаз, бирақ ол поэзия тилинде айтылған искусство мүлки болсын. Егер ол адамға унаса, онда ол халық ушын хызмет еткени. Себеби, «Искусство — тек искусство ушын емес» болғанындай, қосық та тек қызық ушын жазылмайды, қосық — адамлар ушын, ел, халық ушын жазылады. Сөзин ел — халық ядлаған адамды шайыр десе болатуғын шығар.

**Әскербай ӘЖИНИЯЗОВ**

*(Бул мақала мийрас қол жазбаларының арасынан табылды. Онда қашан жазылғанлығы көрсетилмеген екен. Таярлаўшылар).*

## БАЛАЛЫҚ

Онда онбестемен гәптиң ырасы,
Сонда да атымыз ойын баласы,
Жумабай ағаның жанлық қорасы,
Ҳәм «штаб» ҳәм мәжилис жайымыз еди.

Бирдем «Есим» жаптың қуйған аяғы,
Қәдимги «Таза күш» колхоз баяғы,
Қыр-дөгерек гүреӊ аўыл жән-жағы,
«Ойкөл» ойнап өскен сайымыз еди,

Өзим қатар өскен балалар бәримиз,
Билер еди ҳәр ким өзиниң кәрин,
Ол ўақтағы жағдай бизлерге мәлим,
Сол жағдайлар ҳәрне барымыз еди.

Балалар бөлинип звеноларға,
Бригадир «жумыс» берип оларға,
Кеште барар едик жыйналысларға,
Бул балалық байрамларымыз еди.

Бир күни мәжилистиң қызған ўақты,
Биреў: «апаң шақырып тур, шап» — деди,
Ойыны осылғыр жүўернемек-аў,
Тек ойыннан басқа дәртиң жоқ — деди.

Сениң сирә ойының бир қанбайма?,
Сендей баллар ас салып жүр таңлайға,
Болыс аўылдағы молла атаңнан,
Гешир-пияз алып келсең болмай ма.

Деп маған тапсырды үлкен жумысты,
Жақпағаны сонша жиним тырысты,
Бирақ илаж қанша жолға атландым,
Минип қара ешекти ғарға жүрисли.

Молланың үйиниң барсам қасына,
Түйек айдап бир бала жүр асыға,
Бирден көзим түсти қолаң шашына,
Баса кийген малақайдың астынан.

Қарасам уўыздай жап-жас қыз екен,
Болса пери деген соның өзи екен,
Мени дәрҳал аңырайтып таслаған,
Дөңгеленген оқтай өткир көзи екен.

Кейин сол ҳал жүз бериўин тиледим,
Аң-таң болып аңырайып тур едим,
«Балам тоңып қалдың үйге бар» — деген,
Ғаз даўыстан шоршып түсти жүрегим.

Соннан берли жүрек толы әрманға,
Не қылады ўақыт тоқтап турғанда,
Енди билдим балалығым солманда,
Қалып қойған екен тары қырманда.

Узын комзолы бар белин қынаған,
Көзи өткир еди мени сынаған,
Ол, сүттей пәк, суп-сулыў,туңғыш қыз еди,
Мениң бала жүрегиме унаған.

Әттең, соннан бери бираз жыл өтти,
Жуғырласып жети дүркин қыз өтти,
Отырғызып кетти отыз шақырым,
Өкиндирип өмиримниң жары өтти.

Аңқылдаған албырт сада сезимлер,
Тай-гунандай тыпырлаған төзимлер,
Айды зәрре булт бүркесе шыдамай,
Жерге түсириўге таяр едиңлер?.

Тоты көзли сол қыз ҳәзир қайдасаң,
Мен билмеген бир белгисиз жайдасаң,
«Тәй-тәй» сезимлерди «ғаз-ғаз» турғызып,
Балалық ҳаққында қандай ойдасаң.

## САҒЫНЫШ

Узақ жолдан келиўден үйге,
Аймалады-аў, о анам пақыр!,

Сүйип атыр...Сени де сүймек,
Керек еди маған да ақыр!,
Үйиң де дым аўылдан шалғай,
Зыр жуўырдым жармышты бойлап,
«Ығбалыма үйинде болғай!»,
Деп бараман тек сени ойлап.
Оттай деўши еди журт мақтап,
Мүсәпирим шықты да қалды,
Есигиңди алыстан бақлап,
Узақ турдым паналап талды.
Не деп үйге киремен қәне!,
...Көшкен булттай шубырды ойлар,
«Бир сарқым суў» бул да бир бәне,
Тағы қандай қолайлы ой бар!,
...Дийдарыңа ынтығып келип,
Қара суўға кеттим-аў қанып!,
Шәңгил менен суў әкеп берип,
Қаны кепкен деп пе едиң анық!.

## АЎЫЛЛАС ҚЫЗҒА

Мине, намазлыгер бүркенип талды,
Күндегидей айна алдында турсаң,
(Қосыўыс семечка таўсылып қалды),
Ҳәм «қашып кетесең» жақынлап барсам.

Сен сол жерде турып мыйық тартқанда,
Өлгенлер тирилип кетердей маған,
Билдим: Сенсиз жасаў-шынын айтқанда,
Ол ҳәтте өлимнен бетердей маған.

Бирақта, сенде жоқ мийрим-шәпәәт,
Саған бир пул мениң күйип-жанғаным,
Ал, мен азабыңа-ақ етип қәнәәт,
Сениң ышқың менен жасайман жаным!.

Бәлким, буннан түсер пайда шамалы,
Жалған жубаныўлар жанды алдайды,
Айтшы, жаным! Недур буның «ҳамалы»,
Саған илла деўге тилим бармайды.

Бул жасқаныў емес. Айып болмаса...
Десем: Шексиз сенлик иззет-ҳүрметим,
Ал, сен инанбасаң, қулақ салмасаң,
Ата-енеси бар мен ҳәм бир жетим.

*1969-жыл, Нөкис.*

## АҢСАЎ

Аппақ август. Қайттым сизиң аўылдан,
Кеўлим көтериңки ўақтым хош еди,
Жаслық саған жан бериўге тайынман,
Сен сийнемнен ушып кеткен қус едиң.

Жаз ортасы. Ядқа түсти қайтадан,
Ақ тал. Самат аўыл. Себил күнлерим,
Август—ай султаны, саған айтаман,
Қайда сол дарайы, дала гүллериң?

...Тал болса да, ески көз көрген еди,
Аўыл танымастай өзгерген еди,
Сол август ақшамы ақ тал астында,
Мына сулыў сүўрет жүз берген еди.

Жийрен қасқа қос қулағы қадалып,
Сетем алып, оқыранып киснеди,
Шет-шебирсиз, шарқы-пәлек ағарып...
Жерге бир жулдыз ҳәм ағып түспеди.

Қарасам ат үрккен қаптал жағыма,
«Қупия қурылтай», өлпең сыбырлы,
Алма гезек поса, және, тағы да,
Пүткил пинҳамы гүбир-гүбирли...

Ҳүким сүрер сүттей август ақшамы...
Ҳәм олар бахыттан шексиз мәс еди,
Бул дүньяда екеўинен басқаны,
Бийкарлаған бир әжайып кеш еди.

Бастан аяқ ядқа түсти қайтадан,
Ақ тал. «Ақ соқпағым». Себил күнлерим.
Август ай султаны сен деп айтаман,
Көрсем сол дәўирдиң дала гүллерин!.

## ЯДҚА АЛЫЎ

Баяғы мектепке сен барған соқпақ,
Мениң жүрегимде сайрап турыпты,
Биз оқыған мектеп әжжедей аппақ,
Еле баяғыдай жайнап турыпты.

Қысқа тәнеписке шықты балалар,
Көзлеринде күлки ойнап турыпты,
Бийтаныс! Пүткиллей басқа...Яқ олар...,
Кеўлим астан-кестен жайрап турыпты.

...Мектеп алды. Жолдың кесиспесинде,
Жас өспирим бир қыз қолын созып тур,
Тамам тулғаң көрингендей түсимде,
Басқалардан таяқ таслам озық тур.

«Қай бала» деп сорастырып қарасам,
«Байғус бала» сениң сиңлиң екенғой?!,
Тәғдир — бул қоспалы қубылыс орасаң,
Қанша уқсас болса-сонша бөтенғой?!.

...Көрип турман көп заманлар өткенин,
Сениң сиңлилериң сени қайталар,
Дурыс шығар өз жөниме кеткеним,
Егленсем тақатым тас-талқан болар.

## СОЛ МӘЎРИТ ЯДЫМА ТҮСЕ БЕРЕДИ

Сондағы арыў турқыңды.
Сондағы минез-қулқыңды,
Тәриплейин десем мен.
Тил жетпейди бул күнде...
«...Өзиң бүгин кийген тағы.
Тоғызыншы класстағы,
Қызыл шиймақпал көйлекке,-
«Қызыл қосық» жараспады...

Каникулға келип едиң,
Себеп оқып жүрген едиң,
Медшколдың қапталында,
Он күн бурын көрген едим.

Қызыл көрсе еси кеткен.
ГосПИ де мен студетпен.
Биз ҳәм жүрмиз каникулда,
-Келгенимди айып етпең...

-«Кир жуўмақшы болып бүгин,
Отыр едим, бөле! — дедиң,
Нөкисиңниң модасына,
Өте алмадық еле» — дедиң

-Мен бир қыя отырғанда,
Сен кир жуўып атырғанда.
Қандайда бир жыллы сезим,
Көзлериңнен оқырман ба.

Деп тилесе қәмек тәмем,
Көйлекке кепленип денең,
Гүзеге уйтқан қатықтай.
Дирилдеп турды ақ беден...

Әллен ўақыт өткен еди,
Апаң сыртқа кеткен еди.
«Шиймақпал қәлип» ишине,
Бир арыўлық питкен еди.

Серлеп нәзер салдым саған.
О тәўбе. Не дерсең буған..
Қызыл шиймақпал қымтанып,
Уўыздай нур уйып турған.

Қәдди-қәўметиң әлиптей,
Қатып қалыппан «Ғәриптей»,
Шиймақпал көйлек денеңе,
Қапланып қалған қәлиптей,

Тамам ағзаң тыртысып тур,
Ал, қызыл бир, нур түсип тур,
«Шиймақпал мүсин» майысып,
Негативке дәл түсип тур...

-Кир жуўар едиң отырып.
Балалық кийим, жарқылық,
Қолтығыңнан сәл төменлеў,
Төрт ели тигис сөтилип...

...Көйлекти де,өзиңди де,
Келбетиңди, көзиңди де...
...Бир өмирге сүйип қалдым,
«Соқа-салтаң» сөзиңди де.

...Кетейин деп қолайластым.
Турдым қол қысып хошластың,
Сен қалдың көзиң мөлдиреп,
Мен, бир дәртке дуўшарластым...

Қанша мәнзил, қанша майдан,
Өтти енди ақылым ҳайран,
Сол баяғы көринисти,-
Және көрип турғандайман.
Сол мәўрит ядыма түсе береди...

Ай-ҳай айралық азары,
Бәрше нәрседен мазалы,
Мәңги ҳаят-сенлик ышқым.
Басқасы... бәри тозады,
Сол мәўрит ядыма түсе береди...

## МУҲАББАТ АЙРАЛЫҚ ПЕНЕН МАЗАЛЫ

Сенлик сезим жанды жүдетти әсте.
Сен қол жетпес жулдыз, биз мудам пәсте,
Кеўлимниң хошы йоқ, жүрегим қәсте,
Сен шыпакер болып емлерсең, жаным.

Исиң менен дасқал өскен сөзлериң,
Көзлер қайыл қалып қарасар саған,

Тилла рең сүйриктей-нәзик бармақлар,
Аў тартқанда асқан арыўлық сақлар,
Жүрегиңде-ышқы, көзиңде-оқ бар,
Қанша мақтаў айтса жарасар саған.

Аўлағаның Аралдың ақ шабағы,
Әмиў сен тәрепке буркып ағады,
Қуслар сен туўралы дабыл қағады,
Толқын жапырылып жол ашар саған.

Ис үстинде әбден гөззалырақсаң,
Жанға жақын, көзлеримнен жырақсаң,
Лейкин жақыннанда жақынырақсаң,
Себеп жигит жаны уласар саған.

Қыялым шарқ урып гезер әлемди,
Кеўлим-сергек, қолым излер қәлемди,
Сүйиншиге айтып барлық сәнемди,
Қәйткенде бул «ғәрип» сыр ашар саған.

Сен Аралдан алып жанлы маржанды,
Елге сыйлық еттиң тапқан олжаңды,
Теңиз қызы! Толтыр гүлге баржаңды,
Ең жоқарғы ҳүрмет миясар саған!

## ҚАРАҚАЛПАҚ ҚЫЗЛАРЫ

Аҳ! Қандай қызлар бар қарақалпақта,
Тойға барса орны алтын алтақта,
«Өңештен ҳазарсыз өтер» бирақ та,
Диянатлы қарақалпақ қызлары.

«Еки қара жылға» ыйықтан қулап,
Ағар, жуп қарақат, жуп «қара булақ»,
Бурымының ушын бармаққа орап,
Қыйрақлайды қарақалпақ қызлары.

Яқшы қыздың толып атыр қардары,
Сулыўлық журтының сайлы сардары,
Жипек жилўа, жейран жанар жайдары,
«Қупия хат» қарақалпақ қызлары.

Ақ тамақтан ишкен асы көринип,
Менсинбей тусыңнан өтер керилип,
Сәлемиңди селхос тыңлар, еринип,
Өзи қудай, қарақалпақ қызлары.

Әдеп-икрам, ийбе-назына қара,
Анасы ким екен? Шығысын сора,
Бул периштедур, биз бир бийшара,
Ҳүкимдарым қарақалпақ қызлары.

Артық айтсам, әпиў етиң досларым,
Алмас қанжар дерсең көзиў-қашларын,
Саў бол қуралай көз қарындасларым,
Қәдирданым, қарақалпақ қызлары.

Аққуўдай азада, таўыс қылықлы,
Қуда берген мақпал минез-қулықты,
Зийўар зейин зергер, зия-зулыплы,
Қарындасым қарақалпақ қызлары,

Әмиўди ардақла, қорға суўыңды,
Қолға ал Тумарис тиккен туўыңды,
Дузлы шаң үркиткен тырна, қуўыңды,
Аралына қайтар, Арал қызлары.

Туўылған жер қәдирине жетпесең,
Арал Анамызға жәрдем етпесең,
Онда өзиңе де ҳүрмет күтпе сен,
Арал қызы, қарақалпақ қызлары.

«Қызлар-патша, жигит ўәзир» нақылда,
Арыўлығың уғрас келмес ақылға,
Мейли мақуллама, мейли мақулла,
Затышерийп (ҳасылзада) қарақалпақ қызлары.

## КЕЛИНШЕК

Мине, бәҳәр келди, сениң бәҳәриң,
Бул бир қутлы мәўсим болсын, келиншек,
Жайнап-жасна, шадлан, әйне мәҳәлиң,
Шадлық қызыл шаршың болсын келиншек.

Жасасын ҳаял-қыз! Алтын дәўраның,
Сизлер жәзийраның сулыў жейраны,
Пүткил дүнья қызларының байрамы,
Парахатшылық маршың болсын, келиншек.

Тойлар қутлы болсын, байрам мүбәрек,
Жасасын қызыл гүл! «Қызыл шүберек!»,
Не деген сүйкимли ғырра-дөгерек,
Жүзиң сондай жарқын болсын келиншек.

Жақсыға журт жанасады дегендей,
Ҳасылға журт таласады дегендей,
Босағаға жарасады дегендей,
Ийбе-идрек, көркиң болсын келиншек,

Қыз болдың, өзге қыз бәри жалғандай,
Келин бол, көргенлер қайыл қалғандай,
Ана бол, дүньяны тербеп турғандай,
Өмир саған төркин болсын, келиншек.

Дүнья мәмле болсын еки көзиңдей,
Әлем аппақ болсын ақша жүзиңдей,
Барлық миллет қызы мисли өзиңдей,
Туўысқан бир дүркин болсын, келиншек,

Тил тийгизбе ата-ене, елиңе,
Түссе тек жақсы сөз түссин тилиңе,
Садық бол, өз үйиң-жапсар, төриңе,
Пәк мухаббат-мүлкиң болсын, келиншек.

Қуўанғанда қуўанғандай қосылып,
Қәтелессең баратуғын бас урып,
Иркетуғын үзенгиге асылып,
Сыйласықлы халқың болсын келиншек.

Сыйла, қатар-қурбы, қурдас дегенди,
Солар сениң салдаўлайды кемеңди,
Айтар гәптиң «пос геллеси», ал енди,
Сүйсингендей парқың болсын, келиншек.

## АББАЗИЙ СӨЗ

*Шайырдың естелигине*

Мен сени сыйдыра алмаспан сөзге,
Сөйтседе ҳәзирги нийетим өзге:
Тек қалыс сый-ҳүрмет бағышлап, Сизге,
Сени қайттан көриў-алтын тахтыңда.
Сөз сүйлинин саз-сәўбетке көндирген,
Ақ қағазға гектарлап гүл өндирген,
Шайыр едиң қосыққа жан ендирген,
Өлмес мийрас-өрнек қалды артыңда.
Қараңғы қәпесте қалтырап едиң,
Ҳәстеси шынғобыз, шамшырақ едиң,
Еркин зибан берип шарықлап елиң,
Жулдыз ара, дәўир лебин уқтың ба?
Сәмен жорға едиң-суўды шайпамас.
Тулпар едиң-шапқан сайын шаршамас,
Басланғанда табан жолға тай-талас,
Не жүйриклер қалды қурдың сыртында,
Асқар таў шоққысы қарлы шың едиң,
Күн шығыста қай шайырдан кем едиң?
Шайырлықта Наўайыға тең едиң,
Ақтуйғын қус едиң ата журтыңда,
Мийрасхоры Әжиниязыў, Бердақтың,
Сөзди қәрдарына бийпул тараттың,
Өзбек, түркмен, қарақалпақ, қазақтың-
Өз Аббазы едиң, барлық халықтың да,
Халқымның үрп-әдет, миллий айнасы,
Пүткил инсаныяттың ортақ дүньясы,
Аўқамлас дәўирдиң «Одиссея» сы
«Баҳадыр»-Гомери болып шықтың ба?
«Бийбисәнем», «Шәўгүл» елге яд болды,
Оқығанның жан руҳы шад болды,

Аббазий сөз-ағла имарат болды,
Ҳәм усылай бола бермек бәрқулла.

## «АҒАШ ҚУЙРЫҚ» АҒАМА

Мереке, мәжлисте саз-сәўбет пенен,
Ўәж айттың «қуйрықлы» қысыр сөз бенен,
Елдиң ертеңинен гүдер үзбеген,
Сен-күлки көсеми-Палўанияз аға.

Сен жүрген жоллардан жүргим келип тур,
Сени көргенлерди көргим келип тур,
Мийрасы деп Палўанияз ағаның,
«Илме султан» сөзлер тергим келип тур.

Бираз иниң «қәтесин» кеш түсинип,
Атыңды қосыққа қосты қысынып,
Қудайын умытып, кийди таз кебин,
Өзиң талай «тезге» салған кисилик.

Бендешилик тек күлиўге жараймыз,
Өзиңе сыйынып жолға қараймыз,
Сөз табалмай гәптиң ийни келгенде,
«Пийрим Палўанияз» деп мәдет сораймыз.

Сөздиң қәдирине қашан жетемиз,
Ана тилиң аман, шүкир етемиз,
Тыңлап шала сақаў шабащниклерди,
Әттегене-ай басты шайқап өтемиз.

Ушырма сөз-өлшеў тасы мың батпан,
Алтынға барабар аршада жатқан,
Сөз сүйлинин сайлап, ушардан атқан,
Сиз-снайпер, мерген Палўанияз аға.

Енди өзгертейин қосық ырғағын,
Шалыс уйқас десе болар бул жағын,
Айтқан екен шала саўат бир молла,
Әлҳамдулла, енди келди «тыржағун»...

Устазың Мәтеке Жуманазаров,
Лаққылардың сәрдарыма, бейиште,
Жақсымбайлар «ўа-ҳа-ҳа» дан газ алып,
Рәм шайыр үлес қосар бул иске.

Исмамут жораң жоқ, ал Айман аға,
Жетпис жасты артқа салды еңсерип,
Өзиңди сорағлап бул алтын жаға...
Дузлы шаңды жутып атыр теңселип.

Әмиўге «шай алқас»-химикат қосып,
Аралымның ақ шабағын ширитти,
Шалқар теңиз, жайҳун дәрьядан қашып,
Теңизди қуртқанлар шуўлап жүрипти.

Ҳәзил айтқаныңда обком иниңе,
Жаяў таслап кетти қула далаға,
Ўәжсиз ўәкиллердиң тийип жинине,
Ҳәким еттиң «Мазарстан-қалаға».

Ўақтында сөзиңди қағып ала алмай,
Орны толмас өкиниште қалыппыз,
Қолда бардың қәдирин бир биле алмай,
Бәрҳа, бармақ тислеп жүрген халықпыз.

Бул халықты өзиң жақсы билесең,
Турым бий, Айдос бий, Ережеп баба,
Өмирбектен озып өтип еле сен,-
Тарийхқа киресең Палўанияз аға.

## ЕЛЕ БИЗДИ ПҮТКИЛ ДҮНЬЯ БИЛЕДИ

*(Шайыр Ибрайым Юсуповқа)*

Сен көрген жерлердиң көрдим көбисин,
Мен бир сөз айтайын көңлиң жибисин,
Көрдим Чирчик, Урал, Кавказ таўларын,
Көп көрдим тәғдирдиң дәртли дегишин.

Кавказда «көп ердим сениң изиңе»,
Әмиў суўын алқас еттим сөзиме,
Абхазия алыстағы ағайин,
Кавказды да «көп мақтама көзиме».

Мен ҳәм кешип өттим талай өткелди,
Көрдим Кавказдағы гөззал «Көк көлди»,
Өзиң жазған жаңа «заман ағымы»,
Мени шадлық шәменине әпкелди.

Нәлет айтып азатлықтың жаўына,
«Ғәзеп пенен миндим Машуқ таўына,
«Гөззал Юпшара»ны жубатайын деп,
Кирдим Арицаның ақ отаўына.

«Кеўил айтып» князь қызы — Нинаға,
Көздиң жасын төгип алдым Кураға,
Мцатманда қәсийетли төбешик,
Пушкин ҳәм бул жерге келген ғайбана.

Табаным көп тийди қыйыр-қыяға,
Бардым өзиң көрген Ливадияға,
Рица көлинде жүздим балықтай,
Мәңги қалсам ба деп Абхазияда.

Деген менен, мени Шымбай арбады,
Қайтыўдан өзгеше илаж қалмады,
Бул дүньяның «бир бейиши» болған жер,
Шахаманның шаңлағындай болмады.

Түркмен қызларына «айдым тоқыдым»,
Қазақ қызларына өлең оқыдым,
Әзбер, ноғай аўылларын гезгенде,
Сениң қосықларың болды нақылым.

Сонда кейпим Мушмуладай гүл атып,
Магнолия мақпал ийис таратып,
«Ушан суўдан» илҳам алып, йош алып,
Қосық жаза бердим қардай боратып.

«Алтын жағыс» жуўса түслик жийегин,
«Ай-петр» алыстан созды ийегин,
«Қарлығаш уясы» турды теңселип,
Қулап кетпегей деп ийин тиредим.

Буның бәри Сизге деген сыйласық,
Пурсат қайда жазатуғын жайласып,
Қосық жазыў «қыл көпирден өткендей»,
Өзиң-ақ көр қабырғаңа ойласып.

...Исенемен, сондай күнлер келеди,
Еле бизди пүткил дүнья биледи,
Себеп Бердақ, Әжинияздың ўатаны,
Қосық мәңги қонып қалған жер еди.

Сен Бердақсаң путин үйде туўылған,
Әжиниязсаң сөз сейдинин суўырған,
Сен — Аббазсаң поэзия патшасы,
Ал, мен — теңнен үш ықлымның улыман.

## БАЙШУБАРДЫҢ БАСҚАН ЖЕРИ ГҮЛ БОЛСЫН...

...Он төртимде ығбал-бахтым ашылғай,
Дуз-несийбем Байсын елге шашылғай,
Тоқсан аттан озып келсең Байшубар,
Төрт туяғың ақ сийнеме басылғай...
*(Баршынның Байшубарға мурәжатынан.*
*«Алпамыс» дәстанынан).*

I

«Ат болыпты «Миян көл»диң тайлары»,
Бүгин мәзи-мәйрам Әмиў бойлары,
Аржағы «Уллы таў», бержағы Арал,
Алпамыстың қәдем қойған жайлары.

Теңиз толып шөлистанлар ҳөл болсын,
Байшубардың басқан жери гүл болсын,
Хош келдиң Баршынжан, сапа келипсең,
Аяғыңның асты «Жипек жол» болсын.

Саз султаны қобыз, дуўтар тилинде,
Қыяс жыраў, Есжанлардың елинде,
Бола берсин озық өнер байрамы,
Қарақалпақ елатының төринде.

Қарақалпақ үлке таныў мүзейи,
Өнер мүлки ақ ордаңды безейди,
Саз-сәўбеттен, «салыўы» зор халықпан,
Миллий мийрас еле сәнин дүзейди.

II

...Еки ашық енди елге қайтады,
Бир-бирине бәрне-бәзне айтады,
Қаражан дослықтың дузын ақласа,
Ҳаслы жақсы нәсилине тартады.

Алпамыстай болсын Ўатан уллары,
Сағлам әўлад-Президенттиң баллары!
Жаса Баршын қыздың төркин журтлары,
Жәдигердиң егип кеткен таллары.

Бизде той өтпеген бақсы-жыраўсыз,
Қобыз, дуўтар қалған емес қараўсыз,
«Алпамыс»ты бизге жеткергенлерди,
Ескермеген әўлад, қалай-қалайсыз?

«Тоғыз төре», «Таллы жағыс» сайлары,
Туран, Түркстанның алтын айдары,
Көз айдын саламат әўлад, әждады,
«Алпамыс» тың он әсирлик тойлары!

Миллий сыпат, мазмун барабар болғай,
Қыял қыябаны лалазар болғай,
Ел-журтымның келешеги зор болғай,
«Алпамыс» ты мың жыл асырап-сақлаған,
Ана тилимизге Алла яр болғай!

*2-апрель, 1999-жыл*

## ЛИРИКАЛЫҚ ФАЛСАФА

Ерте бәҳәр. Дәртли Қызкеткен бойы,
Қоңыр-салқын ҳаўа, симирип турман,
Не деген қомақай адамның ойы,
Жүректи «жаўлайды» мың түрли әрман.

...Уйқыдан оянған қыздай таўланып,
Суў «беглигин» бузбай ағып барады,
Сыңқ-сыңқ күлген суў сестине таңланып,
Тур едим ларс етип бир зат қулады.

Қарасам ыраштан арна ишине,
Тәкаббир жарқабақ қулаған екен,
Кескеслеген толқын қайтып пәсине,
Ағыс өз жолына қараған екен.

Кәрамат күш жүрсе өз жолы менен,
Оны бағдарынан иркип болама?!
Ағыс санаспайды, топырақлар менен,
Асқар таў болмасаң суўға қулама!!!

## СУЎЛАР АҒАР САЛМАДАН

Суў ағады, ағар салмадан,
Мен телмирип қарайман оған,
Неге десең усы ағыстан,
Өмир сыры «көринер маған...»

Ағысларын, хош қылықларын,
Өмир ушын бизге арнаған,
Гөззалығын сол бир ағыстың,
Серледиңбе достым бир заман,
Серлемеген, сезбеген болсаң,
Жағасында турып салманың,
Бир азырақ серле қайтадан.

Моншақ таққан таңғы шықлардан,
Тулымларың ажырықлардан,

Салқын леби мың дәртке даўа,
Қыз нәпесли хош әжеп ҳаўа,
Ғаз-қатара өскен қара тал,
Жоқ жеринен шақырар самал,
Сол ўақлары турсам жағаңда,
Йош келеди жаным маған да!.

Еки ернин жалап салманың,
Әне, ишке бетледи ағым,
Усы нәзик, ерке ағыслар,
Маған мудам илҳам бағышлар.

Қалтыратып қамыс, урықты,
Оө жақтағы қыздай қылықлы,
Қалай-қалай ағып турыпты?!...
Сынап деўге, сынап ҳәм емес,
Жанлы сағым ҳәм жанлы елес,
Тәбияттың озық өнери,
Жан ҳәм рух-суйық денели!,
Түс көрген бир қыздай таўланып,
Өмир ағар от болып жанып!.

Еркин енлеп, тасып кете алмай,
Ҳәм ырашын басып өте алмай,
Дәл ортаға ийрилген ағыс,
Суў бетине салады нағыс..-
«Кереге көз, баўырсақ форма»,
Бул сүўретти көргениң барма?

Абайламай жүрсең, еле сен,
Көрсетейин, достым қәлесең
Илаҳий саз, илаҳий сүўрет!,
Суў. Қуяш. Нур-қандай қүдирет?!,
«Туўма талант», тәбийғый өнер,
Қубылып, мың муқамға дөнер...

Сыңқ-сыңқ күлип, нәўше қызлардай,
Аққан салма аттан озғандай,
Ағын суўдың турып бойында,

Ләззетленип алған ҳәз қандай!,
Жуп кенерын жалап арнаның,
Аққан суўлар, барма әрманың?!

Қанасына сыймай толқыған,
Ағыс қуўар ағыс артынан,
Басқур (нағыс) толқынларында,
Пәк сақланғай намыс-арымда.
Шайыр жанлы, жипек толқынлар,
Дәўир деми болып толқынлар.

Мәниси кең мына нақылдың..
«Суў — атасы барлық дақылдың»,
Жап салмалар тамыры жердиң,
Атызларға нәр алып келдиң.
Шулғып ағар. Суўдың жаны бар,
Шулғыўының тийкар, мәни бар..
Тамырлар жүректен саға алғандай,
Жап-салманың сағасы бар, ҳәр қандай.

Ал, Әмиў басланар Памир таўынан,
Елге-нур, жерге-қут дарып суўынан,
Салма-саға алса жаптан, арнадан,
Түп-сағасын алар Жәйҳун дәрьядан.
Ағысында мына салманың,
Минези бар Әмиўдәрьяның!.

## ЖАМҒЫР ЖАЗҒАН ҚОСЫҚ

Қара жамғыр қуйды-қуйды шелеклеп,
Дүсир-дүсир...жылқы шаўып өткендей,
Бултлар оны өткергенбе елеклеп,
Гүлдирмама мөлдир моншақ таққандай.

Шақмақ шағып, жылдырымлар жарқылдап,
Гүлдирмама патырлатты пөстегин,
Космос қаңылтырдай шатнап, шатырлап,
Бир жайқын күш урып атыр дөстегин.

Қара жамғыр қуйып атыр, селлетип,
Аспан мисли суў елеген кәлбирдей,
Оннан сайын Шахаманды шөллетип,
Арал арман қашар қуйрық илдирмей.

Жаўын жаўса — тәбияттың нызамы,
Жер тынығып, «қатты топырақ бос болар»,
Теңиз қашса-жүрек-баўрым ызалы,
Дәрья тасса дәли кеўлим хош болар.

Гүмис пуў бүркилген латун ләгендей...,
Ақ сүт перде жамылғандай дөгерек,
Боз қыйтақлар «бөкпен болды» дегендей,
Былбырап тур. Буннан артық не керек?!

Тереклер-көйлекшең шомылған қыздай,
Тербеле, теңселип маржан себеди.
Ана тилимизде теңеўлер аздай,
Бул ҳаўаны биреў: -«озон» деп еди.

Қуйып өтти айналаны ғарқ етип...
Изин ала қуяш күлди жадырап,
Бийбирәўшан жанарындай жарқ етип,
Жeлең көйлек кийип жатты әтирап...

Сап ҳаўаны жутып турман симирип,
Ақ сүп көйлегимниң қымтап жағасын,
Гүлдирмама Аралға бир үңилип,
Атқарсын «Суў серпер» толқын намасын.

Зийўар зейним таў селиндей қуйылып,
Кеўлим булт үстинде, жерде ықласым,
Ана жердей ақ нәрсеге жуўылып,
Өле алмасаң соннан «қудай» сақласын.

Шөп-шар, дарақлардың шаңы жуўылып,
Жер жасарып, тазалансын тәбият,
Тутас булттың тамшысынан туўылып,
Дүнья турса деймен сағлам-саламат!.

*(29-июнь, 1989-жыл)*

# ГҮЗ

## I

Сарғыш жапырақларды пәрдей бoратқан,
Әтирапқа алтын сағым таратқан,
Қолдан питпес мың бир муқам жаратқан,
Мени таң қалдырды ҳөнериң сениң,
Сөзге сыймай, көзге сыйған алтын гүз.

Ўа, жарықлық! Гүз дегениң усыма?,
Биз ҳәм «гүзлеп» келип турмыз тусына,
Бир қыз болып, отағасы жасына-,
Ертип келди жасыл жамалың сениң.
Кәйўаны келинсең, енди бәлким гүз.

Тереклер тәрк етсе жасыл жапырағын,
Тоңдырыпсаң боз даланың топырағын,
Жерди жалаңашлап жазды «бапладың»,
Қыс тоқсанға бейим «ҳамалың» сениң.
Көремиз, әлиптиң бағып, артын биз...

Қырлаған жайындай жуўас ағыслар,
Есесине «енлеп» сарғыш нағыслар,
Қосық жаз деп маған ил8ам бағышлар,
Суп-сүйкимли салқын самалың сениң.
Бийбирәўшан гүлге сәлем айтың, сиз...

Реңлер тып-тынық мөлдир орасаң,
Лаплама сап алтын, қайда қарасам,
Әне, тырна болып қайтып барасаң,
Тарқағанба деймен қумарың сениң,
(Аман барып, саў-саламат қайтың тез)...

Елге, жерге деген перзентлик сезим:
«Тәбият-тийкарғы анамыз бизиң»!,
Арал, Әмиў, «Бес қала», Дин Хорезм,
Жайылсын жақсылық хабарың сениң,
Абаданлық ақ сарайы,-салқын гүз.

«Ақ алтын»-ақ гүриш қызыл кәрўаны,
Таң қалдырып барар аш көз дуньяны,
«...Көкпар тартып, сүрсем сәмен жорғаны»,
Даўамы-Тойхана-«Зүрәәт байрамы»,
Жүзиң жарқын гүз.

II

Мүләйим мешинлер көпир ығында,
Күши қайтқан «кемпир қуяш» жағында,
Ҳалы нешик кешер суўдың жоғында,
Бирақ жаўдырап тур, жанарың сениң,
Мақпал мәўсим гүз.

...Әмиў «тойдан соңғы қыздай» тыныш тур,
«Сары жалын» жутқан жағыс тынып тур,
Қыраў «жеген» қамыс қәддин ийип тур,
Ҳәм көмилип атыр Аралым мениң,
Суў керек! Суў керек! Жалғыз шәртим гүз.

Утқан жериң,-уйтып ўақыт ширесин,
«Алты ай жаз» дың уланғайыр үлесин,
«Гүзде шөже санаў» өмир гүресин,
Жуўмақлайсаң-
Мине, баслы парқың гүз.

Қыз қылықлы бәҳәр менен жаз өтип,
Сен жатырсаң жас келиндей наз етип,
Үстиңнен қублаға қайтқан ғаз өтип,
Тырна мүсин, аққуў жамалың бир қыз,
Қус-Аралсыз, қыз-болмайды төркинсиз!

Жигирмада жөнли жумыс питкермей,
Отыз бәндиргиден аман өткермей,
Әскербай дер: бир дилбарға жеткермей,
«Бес қонақ» та урды «қазаның» сениң,
Өзиң, мениң, Даўасы йоқ дәртим гүз...

## ҚАРАҚАЛПАҒЫМ

Атың алты континентке тараған,
Сен арқалы өзге халықтан дараман,
Халық болып қалыма жараған,
Миллий мақтанышым қарақалпағым.

Ел-журтымның баслы намыў-нышаны,
Көзге ысық тилден түлеп ушады,
Сени кийип шықсам Ўатан қушағы,
Айқыра ашылар қарақалпағым.

Елимниң аты да, сениң атыңдур,
Тилимниң аты да, сениң атыңдур,
Жеримниң аты да, сениң атыңдур,
Абырай, ар-намысым қарақалпағым.

Тәғдир толқынында қалқып ықтыңба,
Ақыйыр-соңы Аралдан бир шықтыңба,
Талас-тартыслар көп өзиң ҳаққында,
Тарийхый теберик қарақалпағым.

Шежиремдей шым-шытырық тарийхы,
Шым қара ушыға мақпал маўыты,
Қай дәўирдиң устахана, заўыты.
Үлгиңди жасады қарақалпағым.

Барлық бас кийимге бир нәзер салсақ,
Қай халық кийсе де басына шап-шақ,
Тысы мөлдир қара, астары аппақ.
Кеўлимдей азада қарақалпағым.

Мода қумар мадонналар таласқан,
Өзбек, қазақ, татарға тең жарасқан,
Жолың уллы ширазы ақ қураштан,
Маба, даңқ-мәртебем қарақалпағым.

Аббаз сени кийип залға киргенде,
Қалпағыңды шеш деген йоқ бир бенде,
Европа елеңлеп сени көргенде,
Сый-ҳүрмет көрсетти қарақалпағым.

Сени Досназаров кийип жасында,
Мәскеў мойынлады мәжилис басында,
Шәпкилер кийимбе сениң қасыңда,
Мухтариятлы мүлким қарақалпағым.

Қаракеңниң баслы намыў-нышаны,
Тилге тийек көзден бир-бир ушады,
Өзиңди көргенде әлем қушағы.
Айқыра ашылар қарақалпағым.

«Дос-басқа қарайды, душпан аяққа»,
Бул гәптиң төркини жатыр қаяқта?,
Мен жуўап излесем ушбу сораққа,
Поролим екенсең қарақалпағым.

Ең ески, ең ҳасыл заты Туранның,
Бас таңламас бас кийими заманның,
Қара рең ноқатындай қуранның,
Нақма-нақ «он ҳәрип» қарақалпағым.

Ең әзиз, ең баслы миллий мийрасым,
Бабалар руўхы бизди қолласын,
Адам ата менен тең екен жасың,
Алла инам еткен қарақалпағым.

«Қалпағы қазандай еллерим бар»-деп,
«Жолда жүк қалдырмас бир қара нар»-деп,
Молла Зийўар толып-тасып тәрийплеп,
Әлемге танылған қарақалпағым.

## АНА ТИЛИМ — АЛТЫН ҒӘЗИЙНЕМ

Тил — халықтың миллий паспорты, социаллық гүўалығы, мәртебе, мәдениятын асыраўшы Анасы! *(автор)*.

I

Ата-баба қашан ўәжден утылдың,
Талай сапар тил ушында тутылдың,

Сонда сөз жүйесин таўып қутылдың,
Қарақалпақты халық әйлеген тил менен.

«Қысқа жип гүрмеўге келмес», дедиң сен,
Ексең гүл туқымын егер едиң, сен,
Қас жаўыңның гүмин шегер едиң, сен,
Қарақалпақша мәжилис қурсаң ел менен.

II

...Баянлап балалық мухаббатымды,
Терезеңнен таслап туңғыш хатымды,
Мәңги, жүрегиме жаздым атыңды,
Ана сүтин емген ана тил менен.

Ана — тил анаңдай әзиз деседи,
Тил арқалы ақыл өнип-өседи,
Жулдызлар жамырап жерге түседи,
Ярды тәрийип етсем ана тил менен.

Ғазлар ғаңқылдасар айдын көлинда,
Жуп қумыры жуғырлар сарай төринде,
Жанлы мақлуқ ирге басқан жеринде,
Табысады өзине тән тил менен.

Қара гунан гүлдир-гүлдир киснейди,
Ўа, жәниўар үйир тилин еслейди,
Еле берин даңқың тилден түспейди,
«Қара жорға» қарақалпақша тил менен.

Тили ашшы болса-жүзи суўық дер,
Шайыр болсаң, дослық тилин «туўып» бер,
Анам бүгин «төрден гөрим жуўық»-дер,
Қыз қосығын айтқан ана тил менен.

Дүньяға сол тилде жылап келемиз,
Ана тилди аз билемиз еле биз,
Тағы ырзаласып, жылап өлемиз,
Асқатықтай абзал, ана тил менен.

III

Сүттей жуғып сезимиңе питеди,
Тил байлығы елиңди ел етеди,
Жыланлар жуўасып, ойнап кетеди,
Жыллы сөйлей билсең жумсақ тил менен.

Тәкаббыр қыз бенен, хошрей гүл менен,
Зоопаркте жолбарыс ҳәм пил менен,
Түсинистим турист греклер менен,
Анам айтқан әзиз ана тил менен.

«Бас кессе де, тил кеспек жоқ» деседи,
Усы жерде бир гәп ядқа түседи,
-«Қылыш кеспегенди тек тил кеседи»,
Қан қақсатып айтсам ана тил менен.

«Қалаўын таба алсаң қар жанып кетер»,
«Тил сатылса» пайтахт ел жанып кетер,
«Мал ийесин таўып...»-төрелик етер,
«Сөз жүйесин тапса» ана тил менен.

Ғайры елге кеткен Ўатан гедайы,
Өз тилине болар емиш пидайы,
Ҳәм ана топырағын аңсап удайы,
Дад-пәрийяд әйлермиш ана тил менен.

-Шөл тәңири мени ғәрип қылды — деп,
-Дузлы дүбелейлер сырнай шалды — деп,
-Таллы жағысларым әдре қалды — деп,
Арал, аҳ урады ана тил менен.

Теңиз ҳәм түңилип «қашып кеткенин»,
Кимлер бизди «тобан аяқ» еткенин,
Шайырлар бир-бирин шуқлап өткенин,
Соңғы әўлад сөгер қандай тил менен...?

Сүттей жуғып, сезимиңе питеди,
Тил байлығы елиңди ел етеди,

Даўасы жоқ кесел болып кетеди,
Анаң ғарғыс айтса ана тил менен...

«Таяқ еттен, сөз өтеди сүйектен»,
Дүнья дәслеп, жалғыз тилди кәр еткен,
Аллатала жер-жәҳәнди дөреткен,
Адам ата билген ана тил менен.

...Мени бир ўақ еске алар болсаңыз,
Мен туўралы хатқа салар болсаңыз,
Егер жыназамда жылар болсаңыз,
Ислең буны қарақалпақша тил менен.

Сол ўақта көзиме анам көринип,
Бир селк етип, созыларман керилип,
Ели халқым, Ана тилим саў болса,
Мен мәңги жасайман, қайта тирилип !

Тилге өш, тилге аш болып қаламан,
Қайсы тил болмасын ҳүрмет қыламан,
Қәбиримди бузып ғарғып тураман,
Бозатаўды айтсаң ана тил менен.

## ӨЗИҢ, ЯР БОЛАГӨР ЗИЙЎАРЫМ МЕНИҢ

«-Жағалтай елинен келген жанларым,
Әжекеңниң ахыў-зары аман ба?»,
-«Бозатаў»-Бийғәрез қосық жолларын,
Жазып берген сөз сәрдары аман ба?

### I

Сизге қосық жазыў аңсат болмай тур,
Гүнә бола ма деп жаным қалмай тур,
Қалтырап қәлемге қолым бармай тур,
Өзиң яр болагөр Зийўарым мениң.

Естияр сөз ертсем деймен изине,
Әжинияздша ағла нур қуй сөзиме,
Ең әўели қутлы болсын өзиңе,
Халық тойлаған қутлы тойларың сениң.

Атым шыға шапсада шар бузалмай,
Бәйгиге қоспады, қалдым озалмай,
Әжиниязов — Әжиниязша жазалмай,
Бир нәментай нөкер болғаным мениң.

Зийўарий сөз — әрман қолым жетпеген,
Зийўарий сөз — қуран «тисим өтпеген»,
Қосығым ол-басланбаған питпеген,-
«Бозатаўым» — диним, ийманым мениң.

Яр яқшысы, әйне, қайсы яшында?,
Йүз мың қыял «Бир пәрий» ниң башында,
«Бозатаўлы нәзәлим» ниң қасында,
Илҳам пәрийлери «дийқаным» мениң.

Бархыт көзи- шарап толы кесадай,
Ярды қырқ жыл аңлып, алған посадай,
Әжиниязов — Әжиниязға усамай,
Шабачник шайырма әрўағым мениң?...

II

Зийўар! — Сен әдебий төрдиң гүлханы,
Сен — уллылық уланғайыр урқаны,
Сөз — патшалық, өзиң аға султаны,
Зийрек зейин, даныш дилўарым мениң.

Бир елаты «Бозатаўдың даласы»,
Бир ўатаны «Молла Пирим қаласы»,
Сақыў, саят Қосыбайдың баласы,
Сен-шахзада шайыр, Шәрьярым мениң.

Бийбирәўшан «Бозатаўы» — сеники,
Әдебият ақ отаўы — сеники,
Қарақалпақтың Қара таўы — сеники,
Менлик зат — тек қарақалпағың сениң.

Сен кийген геўиштиң бизлер ултаны,
Тили-шубар, насаз йошы, илҳамы,

Жалаңқабат жалған даңқтың «порханы»,
Небир шаласақаў «досларым» мениң.

Шынайы шәкиртиң Аббаз, Ибрайым,
Сағынбай, Бахтияр нарт шыбықларың,
Төлек, Теңел, Кеңес, Кеңесбай Кәрим,
Таллы жағыстағы талларың сениң.

Теңиз «төңкерилип» «қашып» баратыр,
Артына дузлы шаң шашып баратыр,
Аққуўлар сыңсылап ушып баратыр,
Тәрийп еткен, хош әжеп жайларың сениң.

Дузы кемлеў қатын асқан қармадай,
Суўы әспек уйық тепкен салмадай,
Асқатығы татымаған жармадай,
Қосық жазды шалапайларым мениң.

Солар бүркенип жүр өзиз атыңды,
Көбиси билмейди ҳаслы затыңды,
Кешир устаз майда марапатымды,
Сиз улуғ улама- сәрўарым мениң.

Улығлаўға мүтәж емес уллылық,
Төрт тәрепи теңдей қубла- Туўрылық!,
Тоңды тонсыз жибитеди жыллылық,
Ақ сәўир, ақ сағым айларым мениң.

Майда балық шалшық суўға «шомылар»,
Азаматтай аршын жылқы-жәниўар,
«Бүлген елге бүкир бала табылар»,
Қайдасаң Әжеке! Әждадым мениң.

Кермек суўлы изейкештиң дузындай,
Бир жоқ-жуқа хожалықтың қызындай,
Жупыны уйқаслар жубы бузылмай,
Сирә келиспеди-аў ырғағым мениң...

## III

... «Бул дуньяның көрки адам баласы»,
«Төртеў-түўел, алтаў-иши аласы»,
«Бозатаўлы нәзәлим» ниң наласы,
Көкке жеткен сабрыў-қарарың сениң.

Хожа Хапыз- рухый сабақласыңдур,
Саадий, Молланепес-табақласыңдур,
Тәрезиде өлшеў тасың басымдур,
Мақтумқулы Мағрип- устазың сениң.

Қосық-Қоңырат болса, Зийўар ханы-сен,
Қосық-Наўрыз гүли, мийўе, дәни сен,
«Өнер алды-тил» диң тиллә қәни сен,
Сүйлин сөз саяты, сәрдарым мениң.

Дүнья сийрек билген сендек шайырды,
Қайығың қыр төсин қарса айырды,
Қуба қусты Қусханақа қайырды,
Даўытбай дад айтқан сазларың сениң.

## IV

Ел көрип, жер көрип, көп гезген шайыр,
Көп оқып, көп тыңлап, көп сезген шайыр,
Сөзден ҳинжи, маржан, зер дизген шайыр,
Сәрҳаўыз бойында кәрўаным мениң.

Билим алдың медреседе, Хийўада.
Қосықтың қудайы, алҳасылзада,
Молла Зийўар болса, Ўатаний геда,
Ай-ҳай, ат басындай әрманым мениң!.

Гә пайыў-пияда, атлы, қайықлы,
Гездиң Түркстанды, Едил, Жайықты,
Сөзден утылған қыз өзи айыплы,
Қыз Меңеш-бир даңқлы дәўраның сениң.

Пайғамбар дуғасы-сөзиң мустажаб
Ҳақтан бийжөн емес-ҳәр ис, ҳәрне гәп,
Жер-жәҳәнниң халқы-жалпақ жәмәәт,
Қосығыңа ашық мийманың сениң,
Кеўил мулки-қосық кәрўаның сениң.

Дүньяға бир келген әзиз устазым,
Бәлентти бәлент деп тән алмақ лазым,
«Бозатаўлы гүлбийнәпше нәзәлим»,
Кеўлимниң Хийўасы-дилбарым мениң.

Бир пәрий алыстан көзге түшип тур,
Кеўлим яр тәрепке алып ушып тур,
Балаң көзин яшлап, көксин ашып тур,
Шын мүбәрек әзиз устазым мениң.

## БЕРДАҚ ПЕНЕН СӨЙЛЕСИЎ

*(Бердақ ескерткиши алдында ядқа түскен ойлар)*

Бурын саған арнап қосық жазбадым,
Кешир баба, кешеңлеп гәп қозғадым,
Атым шыға шаппай әўел басында,
Тәртиби жоқ топылымда озбадым.

«Аққум», «Шахаман»да, «Гедей» таманда,
Сиз бенен бир өскен ата-бабамда,
Даңқлы дәргәйгәҳим өзиң болғансоң,
Сениң «дақ»ың жуғысқан-аў мағанда.

Ҳеш қосық нақылдан озып өтпейди,
«Қыран уясынан узап кетпейди»,
Бердақ! Саған, Әжинияз ға сөз барма?!
Асқар таўға мениң дадым жетпейди.

Хан заманы «Ақ патшаның» тусында,
Жаз көрмей жасадың жазы-қысында,
Дедиң: «Халық ушын» өлген «Жақсырақ»,
Бердақлығың, уллылығың усында.

Сонда халқың халық санында болмады,
Сонда халқым-халық бол, бол!-деп шырлады,
Жүрегиңе дақ салса да заманың,
Қосығыңа дақ түсире алмады!.

Пилик ушындағы үмит ушқыны,
Жалынға айланып қашты қыш күни,
Жүрекке дақ салған мөҳирдерлердиң,
Ғайып болды, «шағал мәслик»-«беш күни».

Сен күсеген әдил заман орнады,
Халықты зарлатқанның өзи зарлады,
Қәдириңди билген халқың қәстерлеп,
Сөзиң пүткил шар тәрепти шарлады.

«Шежирең» тарийхқа «маш келсе-орай»,
Дәстаның дәскели қуп алтын сарай,
Ҳәр қосығың өз алдына бир өмир,
Сен сонша дүньяны жараттың қалай?.

Қосыққа қул етип жазған «роман»,
Тәўекелшил талантыңа тураман,
Ҳәр сапары оқып «Жақсырағыңды»,
Қосығымды тағы қайта қураман.

«Бозатаў» ға мәрмер тулғаң салынып,
Турсаң жаз елиңде нурға малынып,
Шайыр балаң «хатқа туўры салып тур»,
Исен маған, өтинемен жалынып.

Мине, қол қаўсырып турман алдыңда,
Устаз, әўладыңа рийза болдың ба?,
Шайыр жаны қулпы тасты тән алмас,
Ол тутқыны болмас оннан зордың да!.

Сениң «дағыңа» да ярым пай болып,
Жулдыз арасында жүзген ай болып,
Өзимниң шайырлық Бозатаўымда,
Мәңги қалсам деймен Әскербай болып.

## ҲӘРКИМ ӨЗИ БОЛАР, БЕРДАҚ БОЛАЛМАС

Данышпанлар мүтәж емес мақтаўға.
Ҳақыйқатлық зәрүр емес ақлаўға,
Халық Бердақты, Бердақ — халықты жақлаўға,
Ҳәрўақ таппа-тайын турған деседи.

Дәуирдиң дағына еки пай болып,
Жулдыз арасында жүзген ай болып,
Малға жарлы болса да,тилге бай болып,
Бердақ-сөз елинде султан деседи.

-Бағыныш, бассаллық -халықты хорлаған,
«Ҳеш қашан патшалар әдил болмаған...»
Деп өзин баспүкил халыққа арнаған,-
Шайыр, — Ўатан ушын қурбан деседи.

Халық ушын шар тәрепти ақтарып,
«Ел ғамхорын излесе де» ат салып,
Дәуир дәрти жүрегине дәрт салып,
Бердимурат — Бердақ болған деседи.

Наўайыдан нақлай саўат ашқанда,
Яне Физулийден дүрлер шашқанда,
Мақтымқулы, Фердаўсийди қосқанда,
Дилўарларға излеў салған деседи.

Қыздың теңин таўып, зәңгисин басып,
Келинлерге ғамхор болып сырласып,
Бердақ — улуғ инсан,шайыр,философ,
Қылды қақ айырып жарған деседи.

Ақ патшаның, хан, султанның тусында,
Алты ай жазды күтти алты ай қысында.
Бердақлығы, уллылығы усында.-
Дархан дәуир, шадлы заман күседи...

II

Күнхожа аўыллас устазы еди,
Әжинияз қосықтың гүлтажы еди,
Бозатаў азатлық марказы еди.
Туран топырағын Ўатан деседи.

Ерназар бий, Бердақ қыймас дос болған,
Ал, Алакөз дуйым журтқа бас болған.
Еркинлик деген сөз солардан қалған,
Азатлық. деп сүрен салған деседи.

Зийрек зейин, көкиреги саңлақлы,
Саўатлы,талантлы болған жән-жақлы.
Бердимурат-халықты, халық-Бердақты,-
Жалғызындай жақсы көрген деседи.

Патшаны ақмақ деп айтыў шынында,
Мүмкин емес мәртлик-ҳәзир, бурында...
Инсан мәпин қойып баслы орынға,
Алтын алмай, алғыс алған деседи.

Бирақ ҳәрўақ оған күйе жағылды,
Ақты-қара деген дабыл қағылды,
«Миллетшил-буржуй» деп айдар тағылды,
Буны дөҳмет, жала-жалған деседи.

III

Бедеўге бәдҳасыл ябы ере алмас,
Кеўлиң соқыр болса, көз ҳәм көре алмас,
Ҳәрким өзи болар, Бердақ болалмас
Өмир өкинишли әрман деседи.

Диз бүккеннен әжел абзал,-деди ол,
Жалғызындай халықтың ғамын жеди ол,
Қарақалпақтың сөйлер тили еди ол,
Соннан Бердақ болып қалған деседи.

## ДОСЛЫҒЫ — ИЙМАНЫ ЕДИ БЕРДАҚТЫҢ

«...Жигиттиң султаны-сахра бүлбили»,
Қосықлары қулпы дөнген қыр гүли,
Дини, жан ийманы — қарақалпақ тили!
Қосығы-қураны еди Бердақтың.

Халқым деп, елим деп еңиреп, «енеғар»,
«Пуқараға жаз келгенин» тəн алар,
Шайырлықта пайғамбарға барабар,
Алишер ийманы еди Бердақтың.

«Дин Хорезм, «Бес қала»ның сорамы,
Беккем болсын, «бийлик дүзген орамы»,
Ғəрезсизлик — Азатлықтың даўамы!...»
Шайырлық ураны еди Бердақтың.

Татыўлықта қыл өтпеди арадан,
Саған сонлықтанда қайыл қаламан,
«Аўа, Өтеш мен қартайдым жоражан!...»
Дослығы - ийманы еди Бердақтың.

«Тилек тарнаў» ентелеген ағыстай,
Көк масағы, жасыл мақпал жағыстай,
«Көк көйлек» ке салған ғайры нағыстай,
Сүйлин сыпат сазы болды Бердақтың.

Аты қарақалпақ Туран төринде,
Арал-Аққум, айдын шалқар көлимде,
Қызылқум, Қарақум, Үстирт шөлинде,
Қайығы қақ жарып жүзди Бердақтың!

«Мыңнан тулпар шыққан» бир пырақ еди,
Шексизлик. Шар айна шамшырақ еди,
Айдан саға алған Ақ булақ еди,
Ақ сүт болып «ийер» тили Бердақтың.

Даңқы аты-заты машҳур тум-тусқа,
Күнхожа, Əжинияз, Бердақ түп-нусқа,
Бердақ болып ат көтериў бир басқа! ...
«Халық ушын» ураны еди Бердақтың.

Бүгин қуўаныштан қарыс узайдым,
Себеп оңнан туўды айы Бердақтың,
Ўатанласлар қутлы болсын, көз айдын,
Бир жүз жетпис жыллық тойы Бердақтың,
Әлбетте жәннетте жайы Бердақтың.

## АЙРЫЛСА

*(Әжинияз шайырдың үлгиси менен)*

Қағаз ақша күл қурақым болмайды,
Өлшем-қуны, алтын-зерден айрылса,
Баслық деген қул қурақым болмайды,
Гербли дөңгелек мөрден айрылса.

Баслықтың «ақылы пүтин» басында,
Жақсы атқосшылар жүрсе қасында,
Кимселердиң ийт үреди тусында,
Мереке-мәжилисте төрден айрылса.

Базар қатнасығы-дәўир талабы,
Оған жалатайлар қылап қылады,
Қымбат пуллап, арзан сатып алады,
Алыпсатар заңғар ардан айрылса.

Жекке жигит не мүшкилге жарайды,
Журттың қасы-қабағына қарайды,
Қарабасы қуўдалаўға қолайлы,
Туўысқан-туўғаннан, ярдан айрылса.

Туўысқанның зоры қарындас болар,
Ғарры өлсе «асабаты-ас болар»,
Жигит өлсе асқар таўлар пәс болар,
Бота бозлар қара нардан айрылса.

Басқоспа-бәзимлер жым болар екен,
Зийўар зибанында муң болар екен,
Аламойнақ дуўтар гүң болар екен,
Он еки пердели тардан айрылса.

Арал әли ойпат Әмиўдәрьясыз,
Суў Тәңири-Нуў пайғамбар қайдасыз,
Асқар таў деп аталғаны пайдасыз,
Төбесин қаплаған қардан айрылса.

Қыздың жары сулыўлығы көзинде,
«Шайырдың қүдирети — тили», сөзинде,
Ат, ғашырға айланады изинде,
Қушақ толы қуйрық жалдан айрылса.

Үйирден қуўылған айғыр ат «саяқ»,
Мийсиз басқа зая болған қол-аяқ,
Миллиард, миллион, мыңлар-мәзи «бир таяқ»,
Изине тиркелген нольден айрылса.

«Көлбууға» не жесин көли йоқ жерде.
Кийик көлди қәйтсин шөли йоқ жерде,
Ўатаннан ўаз кешер сатқан шерменде,
Азғын ар әйлемес елден айрылса.

Алжасқан адамның гүнайыны кеш,
Алжасыў, адасыў-қылмыс емес ҳеш,
«Қылкөпирден» қулап түсер ғыйбаткеш,
Қәбиринен шығып-гөрден айрылса.

«Дешти қыпшақ» десем, әлем гүлистан,
«Улыўма үйимиз-Туран Түркстан»,
Исенгеним. Ғәрезсизлик. Дин ислам,
Дүнья қәреп болар диннен айрылса,

Қаяқтасыз қатар-қурбы заманлас,
Бул арасат заман паян табылмас,
Пурсат барда бир-биреўге хабарлас,
Халқым шүкир етсин, меннен айрылса.

Әлем гүзар «Уллы жипек жолында»,
Кәрўан көшер бийлиги өз қолында,
Ақ сөкитли «Таллы жағыс» бойында,
Бүлбиллер сайрамас гүлден айрылса.

Торалағаз неге түнде ушады,
Гөртышқан, жарғанат, «гөрсоқыр» тағы,
Адам, бир меңиреў мақлуқ мысалы,
Тилден, көз-қулақтан теңнен айрылса.

Дәрья, канал, салма барма сағасыз,
Жигит ел-елатсыз, қоңсы-қобасыз,
Туўысқан-туўғансыз, бала-шағасыз,
Жасап болмас жүрек тәннен айрылса.

Адам айрылмағай Ана Ўатаннан,
Аяўлы нәрсе йоқ, ата мәканнан,
Паян таппас шет-шебирсиз жәҳәннен,
Ер жигит туўылған жерден айрылса.

## БОЛАР

Адам танымаса ақты қараны,
Әйтеўир бир жүрген «жәниўар» болар,
Жигит халықтан қашық тутса араны,
«Жалғыз аттың шаңы шықпас» хор болар.

Ғарға жүз жыл жасап-жемтик шоқыйды,
Наўқан қурт-жүз күнде жипек тоқыйды,
Көз бар. Жазылмаған хатты оқыйды,
Жүрек соқыр болса саў көз гөр болар.

Сулыўлық сынаптай турар жылыслап,
Гәўҳар жатыр бир қараңғы қуўыста,
Қайтып көрер достың менен урыспа,
Кеўил жәҳәндей кең, тилдей тар болар.

«Қыз патша болса ҳәм жолы тар» — дейди,
Өйткени жат журттан жаўшы бар дейди,
Жыллы сөзге жыланлар ҳәм зар дейди,
Мүриўбет бул — меҳир қуяш нур болар.

Билип айтқан ер қәдирин ел билер,
Арыслан баҳасын билсе шер билер,
Келин қунын қыз узатқан жер билер,
Зергерине түссе жез ҳәм зер болар.

Тентек төрде төре болып отырса,
Жағымпазлар зияпатқа шақырса,
Если жигит есик бетте отырса,
Есик-жапсар болар, жапсар төр болар.

Қудирет күш болсада адам пәрманы,
Ҳәргиз ада болмас арзыў-әрманы,
Өмир сырын тутас биле алмадым,
Дүнья мәккар қатын, кимге яр болар.

## ЖЕККЕЛИК

Намаз оқылады жәмәәт пенен,
Тойларға барасаң жалғыз ат пенен,
Қосық жазылмайды мәсләҳәт пенен,
Деп өзиңди мақуллладың жеккелик.

«Арал әтирапында анадан туўып,
Теңиз толқынына бетимди жуўып,
Қосық қоян болса тазы боп қуўып»,
Саятым сазаўар болған жеккелик.

Машҳур аўыл-елим, халқым далада,
Мен әўере-сарсаң еки арада,
Усы, неғып жүрмен, қапырық қалада,
Қара басты қаңғалатқан жеккелик.

Қатар қызлар қосығыма табынған,
Досларым қаяқта кеўлим сағынған,
Қосық айтсам намам болды «Адыңнан»,
Гүзар жолда ыңырандырған жеккелик.

Жеккелик жарасқан Алла-таалаға,
Ол мәжбүрий муңлас жетим балаға,
Жеккеликтиң дәртин меннен сорама,
Жүйкемди жуқартты жаўыз жеккелик.

## ЖАНЫМ СҮЙГЕН ТУЙҒЫЛАР

Маған тротуар тарлық етеди,
Ҳәтте көкирегимди қысып кетеди,

Тар жерден журт тығылысып өтеди,
Кеңисликти күсер жүрегим мениң.

Кең жерде кең, тыныс алып жүремен,
Кеңликти анамдай жақсы көремен,
Қолдан келсе кеңлеў жерде өлемен,
Тар жерге талпынып ҳәлегим мениң.

Мазам қашар күнниң жүзин булт басса,
Гүңгиртти, солғынды сүймеймен ҳасла,
Қой сүйиклим! Мени жақтыға басла,
Көзиңдей рәўшан тилегим мениң.

О дүньяңнан излемеймен жәннетти,
Сүйемен халық сүйген жақсы әдетти,
Мен қудайдан тилеп жүрмен мәдетти,
Халқым, ата-анам қудайым мениң.

Бир жанан жанымды қыйнап жүрипти,
Бир қосық уйқымды урлап жүрипти,
Шалыс уйқас пенен «сыйлап жүрипти»,
Анша жақсы емес жағдайым мениң.

Шүкир еле дослар меннен безген жоқ,
«Қой оны» - деп ала жипти үзген жоқ,
Кемшиликтиң бәрин түўел сезген жоқ,
Толық төгилген жоқ абройым мениң.

## САДЫҚЛЫҚ

«Нызам бөркин» кийип, кастан қәтелик,
Әдалат туншығып, жатты жөтелип,
Көз бояўшы, жермен, парахорларға,
«Кеншилик» жасалды аброй әперип.

Токсаўыл тутылып жүйрик желлерге,
Зақым жетти из түспеген гүллерге,
Намақул қубылыслар үстем күш алып,
Мөр басылды ҳағын айтқан тиллерге.

Биреўлер бийдәрек байлық топлады,
Биреўлер солардың жағын жақлады,
Түлки-төре, порсық, шағал-бий болып,
Бөлтириктиң абройын сақлады.

Көтериңки сөз айтылды минберден,
Қуўатланды жақын-жуўық көз көрген,
Әдилликтиң тәрезиси алдында —
Басым келди парықламай пул берген.

Пайда болды «өли наряд» дегенлер,
Масайрады мийнетсиз нан жегенлер,
Көз көреки, мәмлекетти алдаған —
Жалатайлар — есапланды қеменгер.

Даңқпаразлар марапатқа малынды,
Ҳәкимшилик игри жолға салынды,
План фонд-фонд болып қағаз жүзинде,
Гөш планға «бажы пулы» алынды.

Орынланса пахта, салы планы,
Басқасы пакизе былай болады:
Бир аўыз сөз — жоқтан барды дөретип,
Қәпелимде барлық план толады.

Буның бәрин мәмлекеттен жасырды,
Әбжил ойлап тапты түрли тәсилди,
Деген менен жақсы адамлар жәмлесип,
Жайып салды шынлық деген ҳасылды.

Сыр ашылды, жөн болған өз гезинде,
Ҳақыйқатлық жеңип шықты изинде,
Тезлестириў, шынын айтыў курсы,
Мақулланды пүткил дүнья жүзинде.

Енди жол қоймайық қәтеликлерге,
Гүл көгертиў керек, саҳра шөллерге,
Әдалатлық халқымыздың қәлеўи,
Сени тәрийплеймен елден-еллерге.

## ҚОСЫҚ ХАҚҚЫНДА ҚОСЫҚЛАР

I

Өмир — өнер жағысы,
Қосық-кеўил нағысы,
Сөз гәўҳары, сөз бәнти,
Сөз қаймағы, сөз кәнти,
Қосық-қыял перзенти.
Қыялдың шоқ жулдызы,
Ақылдың зер қундызы,
Мәңги жойтпас мазасын,
Булақтың бальзам тазасы,
Қосық — өмир музасы.

II

Нақыл сөздей ықшам бол,
Ядқа айтып жүргендей,
Еситкен қулақ ербеңлеп,
«Түңлигин » тағы түргендей,
Қулақ қуршын қандырып,
Кеўилге йош бергендей.
Жүйриклер жутқан жамдай бол,
Тәбияттың рәўшаны,
Ағарып атқан таңдай бол,
«Болар бала бесинде»,
Билинсе жақсы қандай ол,
Бурқасынлап ағып өт,
Асқар таўдың селиндей,
Ел ишине сиңип кет,
Бәҳәрдиң барқыт желиндей,
Телмиртип көздиң отын ал,
Қатарыңнан озық бол,
Зийўардың зийрек жырындай,
Сулыў Лилия гүлиндей,
Шарықлап шарқы пәлекке,
Шашыл қуяш нурындай,
Жүрегимди жарып шық,

Мухаббеттиң сырындай,
Қәлемнен шулғып қағазға,
Қуйыл Әмиў суўындай,
Қағаз айдын мысалы,
Ал, сен көлдиң қуўындай,
Ғәрезсизлик тымсалы,
Ўатанымның туўындай,
Садық бол әзиз инсанға,
Солардың өз улындай,
Шағла-шағла қосығым,
Ығбалың-алтын, тилиң-бай,
Гүл етип басқан изиңди,
Жырлай бер ғәрезсизликти!,
...Қыял қусы азырақ,
Қонақлай тур өзиңде,

Жайнаған мына өмирдиң,
Жалыны жансын көзиңде,
Туўылған жердиң топырағын,
Қәстерле тири гезиңде,
Дәўирдиң долы жүреги,
Дүрсилдеп турсын сөзиңде,
Болмаса ҳешким инанбас,
Қыялый бос сезимге,
Қайталайман тағыда,
Бағанағы сөзимди..,
Шағла-шағла қосығым,
Ығбалың-алтын, тилиң-бай,
Дос-яранға садық бол,
Солардың өз улындай,
Көрер көзге сүйкимли,
Қулдыраған қулындай,
Нәресте бол-бийғәрез,
Пүтинликте-жулындай.
Аҳыў-зар етип көргенди,
Гүл етип басқан изиңди,
Әўелҳә танып өзиңди-
Жырлай бер еркин өмирди!.

## ҚОСЫҒЫМА

Қосығым қарақалпақша туўыла бер,
Ана тилдиң қырманын суўыра бер,
Басыңа қарақалпақ кийип алып,
Буршақ-буршақ тер төгип жуўыра бер.

Әбес болар елден ерек кеткениң,
Аўыр гүнә ғайры динди сөккениң,
Ўатаныңа қалыс бир ис ислесең,
Пүткил инсан ушын хызмет еткениң.

Адамларды алалап ақ-қараға,
Тикенек сым шеңгел тартпа араға,
Ғарғаны ҳәк суўына жуўған менен,
Қанаты я нийети ақ болама?.

Қосығым жубатагөр жылағанды,
Нақ сыйла-несийеге сорағанды,
Жығылғанға жудырық жумсаў аңсат,
Қуўатлап, қатарға қос қулағанды.

Тилиңди жети ықлым уғар болсын,
Оқығанлар қумардан шығар болсын,
Төрели тәлим алсын тыңлағанлар,
Журт жамырап таңлайын қағар болсын.

Сүйкимли бол, сен-қыздың баласындай,
Еки көз, қос кирпиктиң арасындай,
Адамлар қәдир тутып пәйик болсын,
Әкесиниң көз көрген жорасындай.

Халықлар дослығының қураны бол,
Тынышлық еркинликтиң ураны бол,
Илаҳий идеялар ирге басқан,
Руўхый Аралымның даўамы бол...

Қосығым қарақалпақша туўыла бер,
Ана тилдиң қырманын суўыра бер,
Басыңа қарақалпақ кийип алып,
Сүттей аппақ сезимге жуўына бер...

## ҚОСЫҒЫМ

Қосығым- Ҳәдис, қураным,
Үрп-әдет, үндеў, ураным,
Дәстүрим, диним, ийманым,
Өзлигим, миллий мийрасым,
Бийлигим, буйрық, пәрманым,
Дин Хорезм диярым,
Түркстаным, Тураным,
Қосығым қыйнай берме көп,
Даўамла өзиң қалғанын.

Дәргәҳим дослық дәрбентим,
Диянатым, ҳүжжетим,
Атым мениң Азият,
Азамат, Адам миллетим,
Сөйле-сөйле қосығым,
Аяўлы арзыў-әрманым,
Ар-намысым, ҳужданым,
Бирлик, дослық, тынышлық,
Ҳадаллық, шынлық, дурыслық-,
Мүриўбетим, зийнетим,
Мезгили жоқ мийнетим,
Халқыма қалыс хызметим,
Ҳәм пүткил инсаниятқа,
Шайырлық иззет-ҳүрметим.

Зийўар-зергер зейинли,
Сөз султаны дейинбе?,
Дүлдил менен бүлбилдиң,
Мәканы мениң үйимде,
«Қара жорға», «Ақбоз ат»,
Аламойнақ дуўтарда,
Сөйлейди өнер тилинде...
«Ақбоз ат» қәдди-далыңды,
Кекилиў, қуйрық-жалыңды,
Көзим менен аймалап,
Тилим менен тарайын,
Кирпигим менен қоршалап,

Жүрегиме орайын,
«Бийрәўшан» көзиңнен,
Сүйип-сүйип алайын,
Бәле-қәде бар болса,
Маған келсин илайым,
Тыңласаң айтқанларымды,
Қосық етип өзиңе,
Арнайын ҳәрне барымды,
Исенебер сөзиме,
Қыялымда ярымды-
Ертип келдим изиме...

Қосығым-пирли дүканым,
Әзизим, Ана Ўатаным,
Қоршалмаған шарбағым,
Аяўлы ата-мәканым,
Шарқыпәлек-шар тәреп,
Шар айналы шар китап,
Сынаптай сап ҳалатым,
Арқасы бар әрўағым,
Өзиң түсин аржағын...

Бозатаўым, боз үйим,
Өз Ўатаным-өз үйим,
Алақаны анамның-
Шахаманның шаңлағы-
«Өз үйим-өлең төсегим»,
Сап алтын-саз кесеги,
Абатжаптың ырашын,
Алтыннан ағла деседи.
Жақсылаў қосық жазалсам,
Жаслығым ядқа түседи,
Көкирегим неге өседи?!.
Қосығым гәптиң ырасы:
Кеўлимниң нәзик гиясы,
Жүректиң қаны-сиясы,
Шеберликтиң тымсалы,
Қурқылтай қустың уясы,
Әжинияздың лирасы,

«Қус Каабасы»-Қусхана,
Еншилес «Еркиндәрьясы»
«Еркин тоғай» екеўи,
Дин арыўлық дуньясы!,
Қосығымның темасы:-
Абаданлық арнасы,
Дослықтың дәрбент дарғасы.
Миллий мийрас мәртебем,
Өмиримниң жалғасы.

Ақдәрья нәўпир ағысы,
Қыялдың ғайры нағысы,
Қызға бермес қосықсаң
Туранның «таллы жағысы»,
Зер жапырақлы дарағым,
Бағырлап аққан булағым,
Бул бейишти көрмеге,
«Хош келдиң, сапа келипсең»,
Марҳамат! Қутлы қонағым!

Және-тағы недейин,
Жәннет бағы, жаз үйим,
Биз беш күнлик мийманың,
Баспанам-«Баспа сөз үйим».
Пүткил әлем-үй-жайы,
Мен дәрўиш отан гедайы,
Мениң баслы байлығым-
Әсел қосық-көз майы,
Сөзди сөктей шөпшеген,
Шайыр-талант торғайы!

Дөгерек-даш-жуқа-желең,
Қосық десе елең-елең,
Шимпилдеген алтын зерен
«Даўыт көл» ҳәм «Қара тереӊ»,
«Ақша көлди», «Алтын көлди»,
Алтыннан да зият дерем...
Усыларды көрип турып,
Дәргаҳыңа келип турып,

Көзиң таныл, билип турып,
Йош келгенде гирес-гирес,
Қосық жазбаў мүмкин емес,
Туўылған жер! Сенлик сезим,
Бизди шайыр еткен өзиң.

## АҚ ҚОСЫҚ ДЕГЕН УСЫ МА?

Мен ақ қосық жазаман. Жазғым келсе,
Шала сақаў кимсениң, салаңлаған,
Қайыстай узын тилин-тыйыў ушын,
Өзимниң де тилимниң сыныўы ушын,
Сен ақ қосық жазасаң, бир китапқа,
«Даўамы бар бир қосық» сыйыўы ушын,
Мен, ақ қосық жазаман,
Лапызы кең, Аралдың баяғы ақ толқынындай,
Қосығымның қурамы тутаслығы,
Ала мойнақ дуўтардың алқымындай!
Гәптиң шыны, өзимниң-ақ қосыққа,
Алып ушып баратқан ҳәўесим жоқ,
Ҳеш қашан да, ҳеш жерде ақ қосықтың,
Жазылыўы шәрт болған мересим жоқ.
Ақ қосық жаз, жаз мейли қара қосық,
Болсын бирақ қосығың дара қосық,
Керек емес алшақ сөз, ала қанат,
Ийт тисиндей ыржыйған шала қосық.
Ақ қосықты жазғанлар, жаза берсин,
Өзинше өнегели өнер санап,
Мейли ол, узын шубай бола берсин,
Ол да өмирдиң өзиндей ески талап.
Солайда мен ақ қосық жазағойсам,
Жазар едим, мен оны аппақ етип,
Уйқас, ырғақ, формасын үйлестирип,
Тилге жеңил, сезимге шап-шақ етип,
Мен ақ қосық жазаман,
Ел ишине етене, қосықларым,
Енип кеткей.
Қосығым-мениң минез-қулықларым,
Айқулақтай жүз әлўан дөнип кеткей,

Мен ақ қосық жазаман, бирақ соны,
Өнер билген талапкер, «жаўшы емеспен»,
Болса да ол көз қыймас,
Қәдирданым,
Өз қосығым ушын мен жаршы емеспен.
Тилеймен аман-есен тәбияттың,
Ҳәрдайым шарапатлы таңы атсын деп,
Қапа болған адамның кеўлин алып,
Жылап турған баланы жубатсын деп,
Бет ашарда белсене хызмет етип,
Дуйым журтты аўзына қаратсын деп,
Мен ақ қосық жазаман алтын, гәўҳар,
Поэзия деген зор «ҳәмели» бар.
Сен ақ қосық жазасаң шала-жансар,
Түбинде талантыңа заўалы бар,
Мен ақ қосық жазаман, сезимлерим,
Сепсип кетпей уйқасқа туттырсын деп,
Ақ қосықты жазаман ара-тура,
Редактор гонорор уттырсын деп.
Усы ақ қосықты мен жазағойсам,
Мүмкин ол, жәнеўиттиң талы болар,
Мүмкин ол, арыў қыздың ақ жүзине,
Жарасқан жалғыз ноқат қалы болар.
Не керек, сөзди сүйреп соза бериў,
Мениңше шайыр ушын қыйын емес,
Ақ қосықты аямай жаза бериў.
Мен ақ қосық жазаман,
Қосықларым-елши болып жер жүзин араласын,
Сазға түскен дуўтардың үзип тарын,
Жаўызлық жасаўға ҳеш жарамасын.
Мен ақ қосық жазаман қосықларым,
Туўысқанлық, дослыққа жаршы болғай,
Еркинликке шақырып елдиң бәрин,
Парахатшылық пороль-маршы болғай.
Айтаман қәле яки қәлеме сен:
Қосықты ақ, сарыға бөлемекен,
Пушкин, Бердақ, Аббазлар,
алаңғасар,
Шекспир, Ширазийлер шала ма екен..

Усы уллы улама шайырлардың,
Жазып кеткен бир ауыз қосығына,
Бул ақ қосық ултарақ болама екен?
...Ақ қосығым жортқанда жолың болсын,
Қәнекей со, байрақтан оза берсең,
Ат сыры ийесине мәлим болсын.

## АЙЫРМАҢ

Басқалардан айырмам:
Мен —
Шәкиртсиз шайырман,
Талабан көп,
«тәләбә» көп,
мени устаз санаған,
шәкиртликке маш келмеди,
арасынан —
бир адам.
Қол-аяқтан,
майырсаңда,
талантымды
майырмаң,
Напақамнан,
Айырсада,
Не қылайын,
қайылман,
Дүнья-малдан,
Айыр мени,
Илҳам-йоштан,
Айырмаң.

Қосығымның негримен,
Қосығымның қулыман,
Қосығыңның «қорықшысы».
Ийти бол дең,
Қайылман,
Қатыныңның,
отын жағып,
күлин ал,-дең,
тайынман,

Қосығымның ашығыман,
Қосығыма сайылман,
«Алтын тахтан»,
айырсаңда,
Қосығымнан айырмаң.

Заманластың!
Ўатанластың,
Досларымның,
хызметине
Тайынман.
Ағайиннен,
айырсаңда,
Аўылластан
айырмаң.

Дәўлет, бахыт,
дәркар. Бирақ,
тәғдирден биз
«Тойынған»,
ығбалымнан айырсаңда,
ҳужданымнан,
айырмаң,
Ересеклик,
Ерси емес,
Ақыл-еси «қойылған».
Үлкенлерди
унатпайман,
қәсийети суйылған.
Даналықтан
айырсаңда,
Балалықтан
айырмаң.
Баслығымның алдында,
Аға султан,
Бектеймен,
жақсы шайыр демесең,
жанға дизе бүкпеймен,
«Әкемди көрген өлмесин»

әкемди көрген адамның
алдына барсам
албырап,
қалтырайман,
шөптей, мен.
Айырсаңда ақылдан,
Жақынымнан айырмаң,
-«Әкеңди көрген өлмесин»-
нақылымнан айырмаң.

Туўысқаннан,
қаналастан,
қыяметлик әзиз достан,
айра салса өзиңди,
ҳарам дүнья,
биийбастақлық,
Ашкөзлик ҳәм майдалық,
Керисинше қандай жақсы
өзимсинип,
өкпелеп,
төбелесип тарқасады
кек сақлаўды
билмеген,
Ертең тағы апақ-шапақ,
қәне,
үйге жүр деген,
сағыныштың елшиси – Ол
«Ақ жалаўлы» айралық.

Өз баўырын,
жаттан жаман,
әлле кимге санаған,
туўысқаннан,
негедур, мен
негедур
оннан бетер,
оннан сайын
узақласып бараман
ҳәм оларды

турған жерде
тәрк әйлеўге тайынман.
Тағы да бир
өтинишим:
сиз мени
жары жолда қайырмаң.

Бирақ мени
дослар менен
Қой-қозыдай
жамырасып,
жылап турып
ажырасқан
ҳәм аяўлы
ҳәм азаплы
айралықтан,
айралықтан айырмаң.

Төр меники
демеймен,
Төрлет қутлы қонағым,
төр турақлы сеники,
Бизиң Қарақалпақта.
Ордамның оң жапсары,
үй ийеси-
меники,
қудайдан
«бир жас» кишкене,
қонақ бала қарағым,
жапсарымнан айырмаң,
тағыда бир айтарым,
Жора-жолдас көп болар,
Гейде сап болар,
жақсы жигитке
жаман қатын
тап болар.
Туўысқаннан
нағыз дослар
жақын деген

гәпте бар,
соннан шығар
дос саны
сирә үштен аспайды,
Ал, артығын
дослықтың,
тәрезиси тартпайды,
Айырсаңда қатардан,
Айырма мени дослардан.

## СӘЎБЕТ

Бөзден сарпай жаппасаң,
Сөзден сарпай жапсаңшы...

Сөз пияздың қабығы,
Сөйлесең зейниң ашылар.
*(халық нақылы)*

Түс ўақты ушырасып қалдым балларға,
Бар дүньямыз газет-журнал қолларда,
Мен ушын қандайда шадлы күн еди,
Бас ийип ырғалып турды талларда,

Ҳикметулла ертип барды бир жерге,
Себеп пенен келип қалдық бул жерге,
Шай тасып жүр бир кишкентай қызалақ,
Сәўбет қызып кетти, әне сол жерде.

Әшир бала, Ҳикметулла, Оразбай,
Ортасында биз ҳәм бармыз. Ол аздай,
Тап төрде мен отырыппан ширенип,
Қолдаўлының аталығы Ораздай.

Дәслеп онша үйлеспеди сөзимиз,
Дәстиярлы «дүгиспейди» көзимиз,
Бир үйирдиң жылқылары жат өссе,
Барлығына айыплымыз өзимиз.

...Аббаз бенен Ибрайымнан басладық,
Базарбай Сейтаевқа қурық тасладық,

Арасынан ағып шықты Сағынбай,
Кеңес Каримовты ҳәмме хошладық.

Ойшыллаўма, қалай Жуманияз бала?
Абайла, ойыншық емес сөз бала,
Өтениязов бола бериў мүмкиндә,
Ал, шайыр Жуманияз бизде аз бала.

Жас шайырлар бек султаны — Бахтияр,
Ҳәрнәрсениң орны, қуны, ўақты бар,
Жас шайыр Батырбай Сейдабуллаев,
Тартынбай мәжлиске кирсе ҳаққы бар.

Шайырлық сөз-сәўбет-мәжилис-мушайра,
Әсенбай Башбаев кирди есапқа,
Бир үйирдиң жылқысындай бәриде,
Қыял қусы тар қәпеске сыяма?.

Ҳәрким айтып атыр зейни илгенин,
Ҳәрким жөплеп атыр өзи билгенин,
Танымас екенбиз мына жасларды,
Сонда, мениң бурын қайда жүргеним?

Кем-кем ашылыстық, сөзден-сөз шығып,
Дарайы дегенлер қалды бөз шығып,
Көрип жүрип бир-биреўди танымай,
«Сулыў соқыр» болғанбыз ба көз шығып?.

Бир сыпыра тилге алдық жасларды,
Қәлемлес яшуллы, қатар досларды,
Ким көреалмай, қәсиплесин күнлесе,
Тилине басар-ем қара тасларды.

Оразбайдың «Гүлдирсин» и сөз болды,
Нашар қатал сыншылларға гез болды,
Пикир айтты Ҳикметулла, Әширбай,
Екеўиниң тартысыўы тез болды.

Ҳикметулла «Гүлдирсин»ди мақтады,
Сыйпаламай мақтаў маған жақпады.

Сәўбет себеп шығар қатты кетпедим,
Мүмкин усы сапар «алла сақлады».

Қосық жазбасада мына Әширбай,
Шайыр жанлы жигит екен япырмай,
«Қосық-жанлы сезимлердиң айнасы»,
Пикир айтар екен бүкпей жасырмай.

Усындайда ўақытпа сол бир саат?
Бул түски тыныспа алтыннан қымбат,
Сәўбетлесиў мүриўбетке барар жол,
Нәтийжеси-дослық, мийрим-шәпәәт.

Әдебият болды баслы гәпимиз,
Усы жерде үнлес келди мәпимиз,
Ҳәрким бас бәйгиге екен талабан,
Ақыры «шабандоз ҳаслы затымыз»

Усы сапар көп нәрсени түсиндим,
Өз-өзиме өкпеледим исиндим,
Шайырлық сыйласық салқынлаў болса,
Өзим соған айыплыдай қысындым,

Сәўбет — қыялыңды дүрлетер екен,
Сәўбет — сумлығыңды зирлетер екен,
Ол — мысал сейислер өнери яңлы,
Саған көп нәрсени үйретер екен.

## КИМ СУЛЫЎ

«Мода да жоқ достым бууўдай рең» — деп,
Мин тақпа гей қызға қарапәрең деп,
Сүўретлейин ярдың қәдди-қәўметин,
Тил менен жүректиң тыңла нәўбетин:

Арыўлық алмасы мийўелегенде,
Гүл жүзиңе қал болайын деген бе:
Я болмаса сениң бир жуп көзиңе,
Сулыўлық дүньясы көшип келген бе?

Бир қудирет күш бар қумай көзиңде,
Дүньяның сулыўы жалғыз өзиң бе?
Арыўлықта саған аўқам болғандай,
Я басқада қызлар барма дизимде.

Не деген батыллық, не деген жигер,
Нәзериң бир түссе-ақ шыдамымды жер,
Айқасқан оқ кирпик көзиңдеги зер,
Көз сырын көрсетпей ышқыңды бөгер.

Сендеги парасат, сендеги төзим,
Журекте дөретер мың түрли сезим,
Егер мени алдамаса өз көзим,
Мен ушын дүньяда барсаң бир өзиң.

Жанлы жуп океан ойшаң көзлериң,
Тилсиз уғындырар жүрек сөзлерин,
Қайўақ көрсем күлим қағып турғаның,
Қабақ шытқаныңды ҳәргиз сезбедим.

Ишки сулыўлықтың сыртқа тепкени.
Көзлериме ысық көрсетер сени,
Сен бар жерде мен бир көзсиз гүбелек,
Өзиң ең әжайып гүлсең өйткени.

## МОЙЫНЛАЎ

Заманға зәңгилес ярыў-досларға,
Жасы үлкен, жасы киши-жасларға,
Ырзаман қалайда мени түсинген.
Қәдирдан көз қыймас аўылласларға.

Қосық сатып алып теңгелерине,
Сөзимди тыңлаған журттың бәрине,
Қарындаслар әжаға деп қайрылған.
Рахмет жанажан жеңгелериме.

Егер өмир еки рет келгенде ...,
Бәри бир-аў баяғысы бул бенде,
Қам сүт емген бенденики өкиниш,
«Букирди гөр дүзетермиш өлгенде».

Адам болсаң дәркар емес миллетиң,
Басқаны да мүриўбетке үйретиң,
Бирақ «өзге» «өзим» оңысар емес,
Журдай жетим етпегенше жер бетин.

Мени, мениң менлигимнен айырмаң,
Сымдай сыйдам суверенли сайылман,
Дәўлет-мәртебеси дүнья малы жоқ.
Тил зибаны пүтин, ақылы зайылман.

Бирақ, мына бир нәрсеге қанықпан,
Қарақалпақша- хан, султаннан алықпан,
Өлген жерим-өктемликке баш берсем,
Бостанлыққа бенде болған халықпан.

Айнала абыржы қалай өтермен,
Ўатаннан ўаз кешип қайда кетемен,
Өзимнен түңилсем өзгеге қарап,-
Тәғдирге тән берип шүкир етемен.

«Тириде-бир, өлиде бир» жыйылған,
Туўысқан баршылық соған қайылман,
Мен дәрўишпен, бу дүньясын бермеген,
Мен — дийўана, бир шатқаяқ шайырман.

О дүньяңнан сирә оңлы тәмем жоқ,
Дәртимди бөлисер, дилбар сәнем жоқ.
Көп нәрседен жуда болған қусайман,
Жалғыз Ўатан қалды, басқа «бөлем» жоқ.

## КӨРИНЕР

Атқа қайсы тәрепинен қарама,
Дәслеп қуйрық пенен жалы көринер,
Қыздың жаңа жигит болған балаға,
Әўелха бир қоша нары көринер.

Бийқәнәәт ат сойдырар-жей алмас,
Қәссап қәтқудалық тонын кийе алмас,
Ийт ийесин қапқан менен уялмас,
Сезимшил сол ийттиң соры көринер.

Қасқыр көрдим демес, қашар сойсаңда,
Барысқа бәрибир нашар сойсаңда,
Шымшыққа шоколад шашып қойсаңда,
Көринсе көзине тары көринер.

Зор ҳәмел, намақул дәўлет-дәреже,
Инсапсызды салар түрли бәлеге,
Тәкаппыр, таўназар, топас төреге,
Мөҳминлер адамның қоры көринер.

Бири-еки болып,үши-төрт болса,
Мал-дүнья көн, дәўлет, пулы көп болса,
Туўысқан кеўлинде салқын леп болса,
Сеннен жақын болып малы көринер.

Аларда алты аз, берсе бес зият,
Алып-сатарларда болмас ар-уят,
Шобытшыға сатқан пыт-сыты бирақ,
Өзиниң кеўлине ғалы көринер.

Үлкен ҳәким ҳүким айтар қысқаша...
Сырғыяның сөзден иси басқаша,
Ақ көкирек адам аўыз жасқаса,
Тисине қосылып бәри көринер.

Аббаз болып айталмасаң сөзиңди,
Жолмурзадай жасап көрсет өзиңди,
Ўа, жәниўар озған аттың көзинде,
Жылқы жаны, адам ары көринер.

Ҳаслы тулпар болмай шаппас узаққа,
Көпирме қурғақ гәп жақпас қулаққа,
Қарақшы-қараўыл болса дозаққа,
Бәрше дозақыйлар-уры көринер.

Жақсыларды жығып берип жаманға,
Қоңсы қатын қыз көринер ладанға,
Гуманшыл, қызғаншақ, ашкөз адамға,
Өзгениң кисеси толы көринер.

Дүнья-түлки, тазы емиш- адамлар,
Яқшы-яман өтти нешше заманлар,
Пара алып «қайта қурғыр» ҳәмелдар,
Қой-қораны баққан «бөри» көринер.

Ойыншысы, утаман деп жасаған,
Өмир-утысы йоқ, ойын қусаған,
Ҳәм «еки даў» алған емес ҳеш адам,
Мәзи «барса келмес» жолы көринер.

— Дүнья - ески затсаң, жасаң биймәлел,
Қәнәәт шукирлик — диним, йиманым,
Нөкер — бир беш күнлик, мүслим мийманың,
Ол ҳәм өз пәминиң қулы көринер.

## ЖАСЛАР МЕНЕН ЖАС БОЛДЫҢ ДЕП СЕН МЕНИ

Жаслар менен жас болдың деп сен мени,
Мәўсим менен өлшей берме ҳәммени.
«Шаш ҳарыған» менен кеўлим жас болса,
Бул мендеги қуштарлықтың жеңгени.

Дүнья өзи сулыўлыққа тоймаған,
Дүнья өзи жасарғанын қоймаған,
«Жас арыўды жутып қоя жазладың»,
Деп ғәремет таққаныңды қой маған,

Мен сүйсинсем-сулыўлықты сүйемен,
Мен бас ийсем-балалыққа ийемен,
Қызға емес-гөззаллыққа ашықпан,
Мен өртенсем ышқы отында күйемен.

Өйтип маған жаба бермең жаланы.
Өйтип маған жаға берме қараны.
Қудай, пайғамбарды саған тапсырдым,
Өзим пир тутаман нашар баланы.

Сулыўлыққа «суғым өткей» илайым,
Гөззаллыққа теппелеме болайын,
Он төрт күнлик айға қараў гүнә деп,
Қашанғаша терис қарап турайын?!

## ДАРАЛЫҚ УЛЫЎМАЛЫҚТАН БАСЛАНАДЫ

Қараң. жай нәрседе-ақ үлкен мәни бар,
Бир сутканың қуптаны бар, таңы бар,
Барлық барысында тиришиликтиң,
Бир жуп егиз ҳәрекеттиң заңы бар.

Шарқы пәлек-аспан, жердиң арасы,
Аспан асты-Жер-өмирдиң анасы,
Талғампаз, Тәбият деген ғаррының,
Келини-Ай, Қуяш-күйеў баласы.

Айқын дәрьялардың екеў жағысы,
Бирақ, бир бағытта ағар ағысы,
Еки жарты-бир пүтинлик дөретер,
Сап алтыннан абзал, саррас гәп усы.

Ушпас бир қанаты сынса суңқардың,
Жалғыз тары жарлы сөйлер дуўтардың,
Жуп көз тутас көрер жалғыз ноқатты,
Қос қулағы тең тигилер тулпардың.

Жалғыз шақа салмақ басса ийилер,
Жуп шақа ийилер оннан азырақ,
Жалғыз  өзи той тарқатқан бүлинер,
Көпшилик ап-аңсат атқарар бирақ.

Жалғыз өскен ағаш тоғай атанбас,
Жалғыз бастың не қалайын сорайсыз?,
Жалғыз жоңқа жанған менен тутанбас,
Жалғыз атқа бир жылқыман жараспас.

Жалғызлық бир бөтен, жеккелик басқа,
Адам өз пейлинен жеккесирейди,
Жалғыз даўыс жаңғырмайды бирақта,
Жалғыз жеккесирер, жалғыз жүдейди.

«Еки бас мәрдана, бир бас бәле бас» ,
«Бөлингенди бөри жейди» деген бар,
Бөлшеклениў жәмәәтке жараспас,
Бул сөзимди өтмиш өзи мақуллар.

Аўа инсан дара жулдызсаң,
Лейкин аспан жерге жақты бересең,
Дүнья алты қана ала ғарбызсаң,
Мен сени бир пүтин зат көремен.

Муҳаббат мәңги жас туралар екен,
Оннан еки жүрек нәр алар екен,
Пайқас етсем бул дүньяның өзи де,
Гилең жуп нәрседен қуралар екен.

## ӨЗ ПӘМИМНИҢ, ӨЗ ПЕЙЛИМНИҢ ҚУЛЫМАН

Ҳәттеки өзине жаўызлық жасаў,
Ҳәр бәле келеди адам қолынан,
Болсамда басқаға тәкаббыр, асаў,
Өз пәмимниң, өз пейлимниң қулыман.

Сонша жәбир етип жалғыз жаныма,
Мынаў «барын базар етип» жүргеним,
«Көзсиз мәртлик» сиңген мениң қаныма,
Жарықлықтың бир қызығын көрмедим.

«Тил қуўып» ағайин, ата-анадан,
Мен алыслап қашық туттым араны,
Гейбир достан, қатар-қурбы, жорадан,
Неге кеўлим салқын тартып барады.

Менде бар адамға болса не керек.
Ел-журт, ата-ана, туўысқанларда,
Қәтелессем керек бираз ертерек,
Ал, себебин ҳәмме тегис аңлар ма.

Сүйдим заўықлысын гүлдиң реңин,
Бизлер түўе қыздың көзи қызғандай,
Күн шуғласы-көрки пүткил әлемниң,
Әттең шама қайда ойып жазғандай.

Сүйдим ҳадаллықты, ҳақыйқатлықты,
Сездим сулыўлықтың бираз сырларын,
Сәмен жорғам әпиўайы-ақ ат шықты,
Жаслығымдай жайран қақпас жырларым.

Айтар ем, әрманлар орынланады,
Сөзсиз ана сүтин ақлай аламан,
Әке исеними қалай болады,
Мен соларды ойлап ҳайран боламан.

Мен сүйген реңлер өшип баратыр,
Көздиң отын алмас гүллер, нағыслар,
«Ақ гежили» ҳәй қарындас тура тур,
Қайда биз қыдырған қумай жағыслар.

Көшер ол жағыстан өмир кәрўаны,
Адам сум тәғдирдиң сойыс малындай,
Жеттим, жеттим менен жигит дәўраны,
Өтер, өткен инсан әрманларындай.

## ЖАРАСАР

Қулан-қырды, қыран-шыңды шарлайды,
Көз ашқанда көрген жәҳән жарасар,
Жигит журтсыз, қыз төркинсиз болмайды,
Адамға туўылған Ўатан жарасар.

Ҳәр затта ҳәр түрли қун болыў керек,
Мазмунға ылайық сын болыў керек,
Қус базары менен орны бир бөлек,
Көлге қоға-қамыс, жекен жарасар.

Өзиңе тән салмағың бар сениң де,
Анық айталмайман өзим жөнинде,
Адам қәдири артар туўған елинде,
Аўыл-аймақ, ата-мәкан жарасар.

Сүўрет емес әлле кимниң сызғаны,
Жаман жалынламай жанның тозғаны,
Шайыр жақсы-жақсы болса жазғаны,
Қосыққа шайырлық илҳам жарасар.

Орынлы-орынсыз дәлкеклеспеге,
Әрман айдаўында бирге көшпеге,
Жайнап-жаснап, ойнап-күлип өспеге,
Қыймас қатаршылық дәўран жарасар.

Жанан бар жигитке сап мухаббатлы,
Перзент өмир гүли кеўил қуўаты,
Мың болса ҳәм тамыр-таныс, жек-жаты,
Әўелҳа туўысқан-туўған жарасар.

Өмир мәңги бирақ мәңги жасаў жоқ,
Ўақыт жүйрик жылқы онда тусаў жоқ,
Дейкөрмең- «ғаррылық-шала сөнген шоқ»,
Нарт шақасы менен нәрўан жарасар.

Шығыс қызы сөзлериме қулақ сал,
Епкиниңнен есер «бир жыллы самал»,
Қызға қызыл көйлек, қызыл орамал,
Қыя бағып нәзер салған жарасар.

Мен айтарман: өз «өрмегим» танылса,
Қарыйдарлар-бизге бер-деп жалынса,
Бир әрманым-жақсы қабыл алынса,
Адамға аяўлы әрман жарасар.

## БИЙТАПТЫҢ ИШКИ КЕШИРМЕЛЕРИ

... Бизиң аўыл қаўында,
Нең бар бизиң аўылда,
Аўырыўымда бир келмей,
Садағаң кетсин саўымда...
*(Халық сөзи)*

«Қай жериң аўырса сол жериң жаның»,
Көрген түстей кеше гүрлеп турғаның,
Диң-диң дүрлеп жүрген жаслық шағыңды,
Еске алсаң ат басындай әрманың.

«Көзиңнен асылып» бийҳал жатасаң,
Әне, сонда түрли ойға батасаң,
Бир-бир еслеп өкинишли өтмишти,-
Наўқасыңа асқатықтай қатасаң.

Пеше етип еслеў деген қылықты,
Күтесең дос-яран, жақын-жуўықты,
-Булар, еле «ала жипти үзген жоқ»,
Ал, мыналар, бәлким кеўлин суўытты...

Бас аўырып, балтыр сызлап, жантайсаң,
Туўысқан-туўғанды түўел аңсайсаң,
Әсиресе жора-жолдас, қатарың,-
Алды менен ядқа түсер ортайсаң.

Қәдирдан достыңның орны бир бөлек,
«Ах, еситсе келер еди-аў, ентелеп»...
«Аўырыў деп кирттай сызлаўықты да»
Жатқаныңды дәлиллейсең, сен не деп...

Жарасықлы ойын-дәлкек айтылар,
Сол ҳәзилдиң пазыйлетли парқы бар,
Сонда бойың сүйем қарыс өспесе,
Дерсең маған: «Бул сөзиңди қайтып ал».

Көп тәселле айтып «өйт-бүйт», — демейди,
Тез саўалып шыққаныңды қәлейди,
Кетеринде қысып турып қолыңды,
Хош, байрамға дейин.Тилек тилейди.

Сонда сениң аўырыўың жазылып,
Турарың бар тартқан сымдай созылып,
Ол солай-аў, бирақ олар келгенде,
Нелиroutinely кетер кеўлиң бузылып.

...Болады адамның сондай гезлери,
«Жаў  болсада көргиң келер көзлерин»,
Санитар қыз жыллы-жумсақ сөйлесе,
Сүйип алсам дейсең басқан излерин.

Палатада жатқан жолдасларыма,
Кеўлимди ашаман пүткил барына,
Пүтин емес мениң кеўил сарайым.
Қатал болсаң, бул сарайға дарыма.

...Мине сондай тәбияты адамның,
Аманлықта қәдирин билмес заманның,
-«Садақаны бермесеңде саўыңда»,
Саўыңда парқын бил жақсы-жаманның.

Кеселликтен бетер зықын өткерип,
Кеселбентти таўып алар жеккелик,
Өз басымнан кешкенлерин жазсамда,
Айталмайман сол ҳалатқа жеткерип.

## АНА

*(Анам Сейткамал қызы Гулайымның естелигине)*

I

Нақыл бар. «Әкели жетим-хор жетим»,
Ойыны осылған бала-болама,
Әлбетте, «Аналы жетим-зор жетим»,
Не жетсин аяўлы әзиз анаға.

II

Жетим аталса да жетим емес ол,
Әкеси өлсе де болса анасы,
«Қарны орталанбай» үйге келмес ол,
Себеп ол-бийғәрез ойын баласы.

Жетим билер, ол не жетимлик деген,
«Өгиздиң орнында жатқан тана»-ол,
Оған ересеклик мезгилсиз келген,
Бирақ журттың балларындай бала ол.

Жақсы перзент айт, бир жақтан шықтыма,
Жаман болып шықсам қалай жылайын,
Жасасын аналар перзент бахтына,
Жаратқан жан ийем жалғыз қудайым.

Енесин келинин былай тәриплер..
(Бәйбишеси болсада өз елиниң),
-Ене мә тамақтың дузын көрип бер.
«Деп табағын тутып турар келиниң».

### III

Мудам арқасынан түспей жүрсе де,
Кишкене ақлығы «мəстан кемпир» дер,
Ретинде сөздиң ийни келсе де,
Ғаррыларға усындай сөз айтып көр.

Еки күн хабарсыз қонсам қалада,
Отырады «Тири жылан толғатып»,
Ҳəр қашан «Ананың кеўли балада»,
Кетемиз-аў бийшараны сорлатып.

Перзент бас байлығы ана журтының,
Қайырқом қарлығаш, Ана қыялы,
Ол-уйтқысы үйдиң, ели-халқының,
Кеўлине жер -жəҳəн еркин сыяды.

Мен жыласам айып көрмең халайық,
Ғəрип анам өлди өксип жылайын,
Жалғыз бир естелик оған ылайық,
Ийманы жолдасы болғай илайым.

Мен-бахытлы адам сениң арқаңда,
Сен ушын бир шаўып жүрген баламан,
Телмирип қублаға қарап турсаң ба,
О дүньяда көрискеймиз — Анажан.

Тириңде бир қəдириңе жеттим бе.
Мен айырылып турған ақыл-санадан,
Жолларыма қарай-қарай кеттиң бе.
Ақ сүтиңе ыразы бол Анажан.

Сен өлдиң қой жылы, бəҳəр айямы,
Жайың-жəннет торқа болсын топырағың,
Өлим-өмир-Жəне Наўрыз байрамы..
Ал, мен жеккеликтен əбден сорладым.

## ДОСЛЫҚ ЫРҒАҚЛАРЫ

Азият, Азамат, Әнўар бир атым.
Халықлар татыўлықтың көрсин рәҳәтин,
Қызыл қумда, «Үстирт», «Таллы жағыс» та,
Қонақ ушын илдириўли мирәтим.

Абаданлық наны дослық шөреги,
Туўысқанлық тандырында дөреди,
Өзбек, түркмен, орыс, қырғыз, қазақты,
Қарақалпақ бес бармақтай биледи.

Дослығымның алтын айнасы — Арал,
Әмиўдәрьям абы ҳаят Айжамал,
Орайлық Азия, пүткил жер жәҳән,
Қарақалпақша сәлемимди қабыл ал.

«Сөз патшасы» — қосық, сөзге данышпан,
Ана тилде Афлатуннан алықпан,
«Қарақалпақ — саҳра бүлбиллери» деп,
Жер жәҳәнди таңландырған халықпан.

Бозатаўым — жер үстиниң жәннети.
«Уллы Жипек жолы» — дослық дәрбенти,
«Өзбек, қарақалпақ» — Туран, Түркстан,
Азияның ақ сүт берген перзенти.

## ТАШКЕНТ

«Руўхый Ташкент дейди сениң атыңды,
Жәҳән ықлымынан келген шайырлар»

*Т.Жумамуратов.*

Дасқал дос-туўысқан қәдирин билип сен,
«Қайдасаң Нөкис»- деп шыға берипсең,
Хош келдиң Ташкентим сапа келипсең,
Әссалам Нөкистиң ағасы Ташкент.

Сен келгенде жаўып шықты аппақ қар,
Дослықтың усындай кәраматы бар,

Сенлик кеўлим аппақ бирәдар,
Ирген Мавереннахр даласы Ташкент.

Кеше кеште ай ҳәм үштен көринди,
Тап усыдан ҳақ нийетиң билинди,
Қутлы қонақ қарақалпақ елинде,
Екилемши қудайтааласы Ташкент.

Нөкистеги «Ташкент » мийманханасы,
Бизде мийманханалардың анасы,
«Ташкент»ке мәрҳамат Ташкент қаласы,
Туран-Түркстанның санасы Ташкент.

II

Нәпәклик өтпейди бизиң жақларды,
Пахтаңнан, кеўлиңнен ағла ақ барма,
Жер силкинер көнбей бузықлықларға,
Ақ нур, ақ нийеттиң ағласы Ташкент.

Бабур ғаз-ғаз турған тилла топырақтың,
Үстинде көз жумсам бул сениң бахтың,
Амир Темур өзбек, қарақалпақтың,
Сәрдар, Сақыпқыран баласы Ташкент.

Мир Алишер, Фитрат, Насири Усман,
Сен-Шолпан, Қадирий, Ойбек, Олимжан,
Жәҳәнгир «Көреген» Амир Темурлан,
Сахраның рухый санасы Ташкент.

Саған шексиз ул-қызыңның ҳүрмети.
Туран ойдың төр аға, төл перзенти,
Дослық датханасы, дослық дәрбенти.
Сен кеўлимниң, Шымбай, «Хийўасы» Ташкент.

Улуғбектиң илим-ҳикмет урқаны.
Азияның зийрек зейни бир кәни.
Күншығыста қалалардың султаны.
Дин-исламның пуштыў-панасы Ташкент.

Ибрайым шайыры Чайхантаўирдиң,
Академик Марат, Чаржаў, Сабырдың,
Ибраҳим Муминов, Аббаз шайырдың,
Сөзлери дослықтың дуўасы — Ташкент.

Сенде тәлим алған алымларымыз,
Наўайыдан саўат аштық бәримиз,
Динимиз, үрп-әдет, қәспи-кәримиз,
Түби бир, кеўлимниң қуяшы — Ташкент.

Зилзиладан кейин мустах салынған,
Тамам тулғаң зербараққа малынған,
Мәрмер тасы Қаратаўдан алынған,
Қарақалпақтың дослық қаласы — Ташкент.

Тилла тажыў-тахтым, марказ-орайым.
Бозатаў, боз ордам, борлат сарайым,
Дослығымды өзиң асыра қудайым,
Орайлық Азия! Каабасы — Ташкент.

Делий, Дарас-Салам, Исламабадта,
Мадинада, Гамбургта, Гератта.
Дүньядағы бар халық бир ҳалатта,
Тыңлар ғәрезсизлик намасын — Ташкент.

Азия, Африка, Америкада,
Атың тилден түспес қубла, арқада,
Дүньялық әнжуман өткен ортада,
«Мәсләҳәт төбениң» данасы — Ташкент.

Еле талай-талай заманлар өтер,
Нешше әўлад келип, нешшеси кетер,
Ҳәм сениң атыңды теберик етер,
Түрки тонның жипек жағасы — Ташкент.

«Чиланзар», «Беш ағаш», «Ташкент көлинде»,
Абдулла Арипов жапсар төринде,
Қуран-қосық жазар түрки тилинде,
Көзлеримниң ағыў-қарасы — Ташкент.

Ғаўашаң гүл-гия, дослық сабағы,
Ортақ дәстурқаным, дослық табағы,
Пахтадай жуп-жумсақ кеўил парағы,
«Ақ алтын» ның аппақ қанасы — Ташкент.

Шамшырақ шәҳәри бағы-бостанның,
Авторысаң «Дослық» деген дәстанның,
Мустақил, мухаддес Өзбекистанның,
Мухтарам Атасы, Анасы — Ташкент.

Әссалам! Ташкентли әзиз мийманлар,
Қонақ дегенимнен сетем алмаңлар,
Туўысқан-«қудайы қонақ» — деген бар,
Қарақалпақтың ушқан уясы — Ташкент.

## ШЫҚҚАН ШАҢАРАҒЫМ, ӨСКЕН ШАҢЛАҒЫМ

Сәлем, жигит болып, есим енген жер,
Қыңырлықтың барлығына көнген жер,
Бүгин хошрей қыздай қулпы дөнген жер,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Ҳәркимниң көзине Мысыр шәҳәри,
Шыққан шаңарағы, өскен шаңлағы,
Орнағалы ғәрезсизлик бәҳәри,
Бул сөз жаңа ҳәўиж алып жаңлады.

Бийғам балалықтан көп сыр сақлаған,
Сәлем, дослар бир мектепке қатнаған,
Өтмиш көп нәрсени айтажақ маған,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Сәлем, Жайҳун жаслық жыллар өткен жер,
Сәлем, маған гүллер инам еткен жер,
Сәлем, қыялыма қанат питкен жер,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Сәлем Бөрши таўдың бәлент минары,
Сәлем, Есим жаптың сақый кенары,
Сәлем кеңлик-көзлеримниң қумары,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Меҳир қуяш-көзде қарақатлары,
«Қара тереӊ»-ақыл-парасатлары,
Сәлем, Тахтакөпир азаматлары,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Сәлем уллы Аббаз шайыр өскен жер,
Қәтийра қыз келин болып түскен жер,
Барлықбай болыстың басын кескен жер,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Избасар ағаның ана ўатаны,
Шебер шарўалардың жайлаў мәканы,
Гүмис гүриш, ақ алтынның дүканы,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Сени Омар шайыр сағалап өскен,
«Көк өзек» бойларын жағалап өскен,
Мен ҳәм бөлек болып көрген емеспен,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Сәлем, Тахта, Қараөзек сайлары,
Аҳ, Қуўаныш жарма, Есим бойлары,
Адамларың жаўқылдаған жайдары,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Туңғыш ышқы ушқынларын жаққан жер,
Үш даў алып қашарман топ қаққан жер,
Бийбирәўшан гүллер қыя баққан жер,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Жерге нағыс ойған жасыл ғалыдан,
Өтениязың мийнет ери шалыдан,
Есабы жоқ телек-телек толы дән,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Арқаң-Арал, Мерген атаў, Тербенбес,
Ақпеткей, Кендирли оннан кем келмес,
Бөрши таўға таў баласы тең келмес,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Сәлем, «Тойбергенниң» баўрайықлары,
Сәлем, «Қулым ой» дың дығырықлары,
Яр жамалы ядымнан бир шықпады,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Болмас ярдың мәнзилине жетейин,
Перзентлик бир парызымды өтейин,
Көзгенеңнен мен айланып кетейин,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Мәдений шертекте жеңгейлер менен,
Биз айқасып ойнар едик не деген,
Ах, сол қара көзлер сонша көреген,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Артсам атызыңның шигин, пәшегин,
Зорға тартып жүрди-аў қара ешегим,
Ол ўақта мен үлбиреген жас едим,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

«Қара жорға» сазы сенде жазылған,
Дойнағынан дизден оқпан қазылған,
Мен айландым сол сәзенде қызыңнан,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Сулыў саз жүрекке сулыў нур қуяр,
Жигит еди-аў халқы ушын жан қыяр,
Айтжан сәзендени өсирген дияр,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Қаршадай басынан оттай тутанды,
Бир баладай жырлай билди Ўатанды,
Караматдийин-шайыр Ғалым аталды,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Сәлем, устазларым-Қалбай, Бектурған,
Орақбай, Аллаяр, Генжебай, Пурхан,
Мен шайыр болалсам сизлердиң арқаң,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Тилеўмурат аға минген гүреңниң,
Дойнағының сести келип тур енди,
Үш жүз елиў мыңлық миллий сүренли,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым,

«Теңге шашқанда» журт теңге елеген,
Сенде қызлар жерден алтын гүреген,
Көпшилигин бес бармақтай билемен,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Сенде Изимбеттей искер ерлер көп,
Сенде әрўанадай ийген жерлер көп,
Тарлан пахта еле шыңға өрлер көп,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Турдымурат, Жумабай ҳәм Өтеген,
Қыйдырып ат салар туўры-төтеден,
Айтары тек «қыйып түсип өтемен»,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Бийсенбай арқада өнер көрсетип,
Бир пунктке жалғыз өзи өлшетип,
Келер Бөрши таўдан жүзи жарқ етип,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Сраж ағам «Тымпый» жапты жағалап,
«Жийделик» бойынан қарар сығалап,
Барлық азаматың алға шығажақ,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Жалғас аға кешип Маңғытжарғанды,
Ҳәр атызға мың мәртебе барғанды,
Болса бир ел бизиң елдей болғанды,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Бир ўақ шайыр жазған Алпысбай ғарры,
Жаңаша жаңлатып, гөнерген тарды,
Қырық жыл тракторға ер-жүўен салды,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Айтсақ арзыр Лазур, Кеңес, Бәўенди,
Базарбай балаң бар тәжек ҳәремде,
Жалғыз туўысқаным пүткил әлемде,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Гүлмурза, Турсынбай, Мәмбетияры,
Ел дегенде қыршын жанын қыяды,
Жаңабайлар қалай тилге сыяды,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Узақберген ҳәм Алаўатдийинлер,
«Пахта тер» деп балларының «мийин жер»,
Сол баллардың көзлеринен сүйиңлер,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Полат тулпар баплағаны, баққаны,
Әлпешлеп өсирген ҳәр түп пахтаны,
Гүлсәўирлер жүзинде қал Тахтаның,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Берекет дарыған қутлы қолына,
Бир қойдан үш қозы алған жылына,
Шығып турмыз Қаршығаның жолына,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Сейислериң тойға бедеў баплаған,
Қызыл қумды жүз мыңлап қой қаплаған,
Мен қайда жүрсемде Есим жақтаман,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Мен ҳәм бир өз балаң-сен деп шырлаған,
Сениң шадлық шежиреңди жырлаған,
Мейли шалы жүкле, шаппат ур маған,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Қайсарлығын алып сексеўиллердиң,
Гөззаллығын жыйнап нәзик гүллердиң,
Аренасы болдың жүйрик тиллердиң,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Еске алып «Қара ой» Есим бойларын,
Ел тәрепке ентелеп тур ойларым,
Халқым қутлы болсын жеңис тойларың,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

Топырағың тотыя көзге сүрмедур,
Кел, қушақлап көрисейик бирме-бир,
Дослар тойға мирәтим бар, үйге жүр,
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым.

## ТҮРКСТАН — ТАРИЙХЫЙ АТА МӘКАНЫМ

Туран топырағынан нәҳәр, нәр алған,
Адам ата менен дасқал жаралған,
Озық өнер өшпес мәденияты бар,
Даңқы пүткил жер-жәҳәнге таралған,
Мавереннахр — сениң бир ески нусқаң,
Ата мәкан, ата журтым — Түркстан.

Қонағына аўыл болып таласқан,
Үрп-әдети бир-бирине жарасқан,
Жомарт, сақый бирәдарлар бас қосқан,
Бийғәрез, бийминлет, бийбаҳа Ўатан,
Уллы еки шөли, еки дәрьясы
Арал теңизи бар — ортақ дүньясы,
Азияның тең жартысы — Түркстан.

Өзбек, қазақ,түркмен-еркин елдемиз,
Абырай-шерик, сыбай қонған иргемиз,
Қырғыз сирә ақ қалпақлы ағайин,
Қарақалпақлар әлимсақтан биргемиз,
Бирлик болса жеңбейтуғын жаўың жоқ,
Дослық барда шешпейтуғын даўың жоқ,
«Бир жеңнен қол, бас шықса бир жағадан»,
Мың қойды бир серке баслар. Ҳәр адам
Жол басшыны тыңласа ел пәраўан...
Амир Темур ашқан әжайып жәҳән,
Туран ойпат, төрт тәрепи Түркстан.

Өрисинде алты түлик малы бар,
«Чимган», «Шатқал»,»Ала», «Қара тауы»бар,
«Боян» деген шөп бар-«өмир сақшысы»,
Аймағында «Уллы жипек жолы» бар,
Алтын, гөўҳарлары тауында жанса,
Ортақ отаў, өз үйим, озал бастан,
Тарийхый теберик төрим Түркстан.

Өзбек, қазақ, қырғыз ҳаслы-затыңды,
Түркмен, тәжик-дослық диянатыңды,
Қарақалпақ тилинде палдай татымлы,
Алтын сыя менен жаздым атыңды,

## ЕКИ ИНИМЕ БИР ЖУЎАП

Сегиз жасар сөйлемшек Әнўар,
-Дейди-маған «кимди аласаң»,
Жүўерментиң сөзинде жан бар,
Ал, жуўабы қыйын орасан.

Ал, Бахытжан оннан еслирек
Ҳәм дәлиден келеди туўры,
Талап қояр бизге күшлирек,
Жеңгем болса, ал тезирек дейди..

Аўылда бар бизиң муғаллим,
Өзи қатқан стиль қыз, — дейди,
Жеңгем болса өзиңе мәлим,
«Бес» алар-ек күнде биз, — дейди.

Айнанайын еки қарағым,
Жаның таза, көзиң күледи
Аўылдағы қыздың тәўирин,
Әжағаңа қосқың келеди.

Дәртим емес мениң тамағым,
Көзи күлген еки қарағым,
Жеңге керек, бес керек саған,
Бирақ, қызлар бес қоймас маған.

## ӨЗБЕКИСТАН — ӨЗ ЕЛАТЫМ, ӨЗ ЕЛИМ

Орайлық Азия, бирлиги өзиң,
Ески Түркстанның түңлиги өзиң,
Бахыт босағасы, дослық дәрбенти,
Афрасиаб, Мавереннахр, Хорезм,
Қонсам — уям, ушсам — аспаным мениң,

Бир түбирден өнип-өстик бәримиз,
Дин-ортақ, тил-ортақ, кәспи-кәримиз,
Әл-Беруний. Афлатуни илимниң.
Хожахмет Яссаўий пайғамбарымыз,
Сен — дуўа дарыған бостаным мениң.

Сақыпқыран Амир Темур «Көреген»,
Дешти қыпшақ жерин даңққа бөлеген,
Бабур, Наўайылар — дара данышпан.
Улуғбек «жулдызға барып түнеген».
Аспан әлемине туңғыш жол ашқан.
Сен — Самарқанд, шоқ жулдызлы әл-аспан.

Ақ бийдай, ақ гүриш-дақыл дәнимиз,
«Ақ алтын» -Ақ жалаў, саўлат — сәнимиз,
Аймағында «Уллы Жипек жолы» бар.
Зарафшан, Кенимех-алтын кәнимиз,
Әлҳамдулла мәнзил-мәканым өзиң,
Туркстандур — ортақ, Ўатаным өзиң.

Ғәрезсиз ел болдық еркин шаңарақ,
Дослардан бет бурып кетпеймиз бирақ,
Бир шынардың саясындай жасаймыз,
Өзбек, қарақалпақ, орыс ҳәм қазақ,
Түркмен, қырғыз бенен түбим туўысқан,
Улыўма үйимиз-Туран, Түркстан.

Бизди бүгин пүткил дүнья тән алды,
Миллий мухтариятым қайта оралды,
Ҳадал мийнет, дослық, бирлик, берекет,
Нызам, әдеп-икрам, тәртип жаңарды,
Журт басшы жаратқан жәҳәним мениң,
Өзбекистан уллы Ўатаным мениң.

Енди «көйлегиң-көк» кеўлиң тоқ сениң,
Ар-намысың сүттей таза, ақ сениң,
Бийғәрез, бийнуқсан, бийпаян бостан,
Мақсетиң, Мурадың, мустәжеп сениң,
Қәтеби бир тутас кәрўаным мениң,
Өзбекистан — алтын қырманым мениң.

Ҳуқық мәмлекетин дүземиз енди,
Өзимизди бәлент سеземиз енди.
Мениң Коституциям — мениң қорғаным,
Келди әдилликтиң гезеги енди,
Диним, диянатым, ҳүжданым мениң.
Өзбекистан демек ийманым мениң.

Әндижан, Наманган, Сурхан, Ферғанам,
Қарақалпақ, Қашқадәрья өз балаң,
Сырдәрья, Наўайы, Жиззақ жәм болып,
Түркстанды тиклеп отыр қайтадан,

Бухара, Самарканд, Каабам Хорезм,
Тарийхымның түп-сағасы,-сен өзиң,
Шыршық, Шаббаз, Қоңырат, Шымбай, Хожелим,
Өзбекстан-өз елатым, өз елим.

Азат өмир, абаданлық аймағы,
Азияда ағартыўдың қаймағы.
«Келешеги — Уллы, Азат, Абадан»,
«Руўхый Ташкент» ғәрезсизлик байрағы,
Өзбекстан, Өзбекистан мәңги бол аман.

## ЎАТАН

### I

Түрли-түрли пикир айтылып атыр,
Миллет, туўылған жер, Ўатан ҳаққында,
Қорқпай үзил-кесил айтпадым батыл,
Ўатан! — деп «ўаз» айталмадым ўақтында.
Мениңше Ўатанды, халықты тәриплеў,
Ең бир қыйын, ең әдиўли тапсырма! —

Деп қорықтым, қорқақ қолым бармады,
Былқылдақлық етти, тилим бармады,
Сол гүнамды өтеў ушын, алдында
Бүгин бул қосықты жазып атырман.
Өзиң бир әмеллеп мәдет бер маған,
Ўатан!
Ўатан деген не ол? -Гөне қыслаўма?-
Ўақытша күн көрис ушын отырған-
Деп, мен сени-енди, енди емески-
Сезинип шамамда серлеп атырман,
Ўатан!
Бир улың «от болып»-шықса «өртенип»,
Бир ерке балаңдай-еттим еркелик,
Ана, Ўатан кеширимшил дегенге,
Көбинесе еттим пәми келтелик,
Ақыбети: -Жеп отырман пушайман.
Ретсиз есирип «еркелегенде»-
Өзиме душпанлық еткен қусайман,
Буны өз бахтыма қылаплық билип,
Турыппан, өзимнен өзим жеркенип,
Сирә, бир кеширсе кеширер анам!
Буншама бийпарық боларма адам?
Ўатан?!
Бирде пәслик, бирде адамгершилик,
Болды нәмәртлик ҳәм, болды елшилик,
Қайсы бирин айтып есап берейин,
Қәй мәниге тартып, дәлил терейин,
Қайсысыда болды бизде баршылық.
Бас деген-тастанда беккем, жарқылық!,
«Қәм кәлле» — санасы толық писпеген,
Таўназар — биз болдық, «китап түспеген»,
«Шахаманлы шайбас буға» атандым,
Чашмасыз суўыттан суўсын ишпеген,
Жақсы жағым болса ел айтар өзи
Мен тек «айыбымды» айтаман мәзи
Жүзи ҳуждан шаппатынан қызарған,
Бул күнде «бурынғы гүдибузарман»,
Ўатан!
Мен аўылға барсам арқан керилди,

Иштен тəмби тиреп, «қулақ түрилди»,
Есик қақсам, сылт еткен сес шықпады,
Ҳəтте ИИБға қоңыраў қақпады,
Көшеде ҳəрекет, қыймыл «тоқтады».
Ерси еркеликтен түңилген менен,
Адамлар қосықты аман сақлады!
Енди пайқас етсем, бəри бөтенғой,
Бул ҳəм сениң шарапатың екен-ғой!,
Өтинемен кешир байғус балаңды,
Бəри сениң кəраматың екен-ғой.
Онда «Ҳайям мəйи» мени қорлаған,
Сонда сен екенсең бизни қорғаған,
Сен əзиз Ўатан!
Бас байлығым, ар-намысым, абрайым,
Көкте қуяш, ақшам жулдызым-айым,
Сен жалғызсаң, сүйдим жалғызың болып,
Жатсам өлең төсек, өз үйим мениң,
Шегара-шеклеўлер кетсин ашылып,
Жазылмайды аўырыўын жасырған,
Сени сүйеалмайман урлап, жасырып,
Қызық күнлеримниң-қызыл майданы!
Киндигимниң қаны көксиңе тамған,
Жумбақ мухаббетсең тəнҳа сен маған,
Қыздай қыя бағып, гүлдей жайнаған,
Илҳам периштесин тутып бер маған.
Сениң тəрийпиңди айтаман оған
Ўатан!
Жайғастырған сонша тентеклигимди,
Өзиң екен, шүкир билдим түбинде,
Ғайры журтта өтеме бир «нəўмирим»,
«Ўатандарлық»! деген сөздиң мазмунын-
Сен дəлиллеп бердиң Аналық пенен,
Мен еркелик еттим балалық пенен!
Көзиң қыймай «иштен шыққан жыланды»,
Гөр аўзынан алып қалдың балаңды,
Сениң ғарғысың ҳəм маған дəридур,
Дурыслап бир ғарғамайсаң бəри-бир,
Содан шығар жүргенимиз мəсирип,
Инсандики-инсапсызлық ҳəсилик,

Бәлким сениң уллылығың усында,
Айтыўға аңсатсаң тилдиң ушында,
Ҳәм сол себеп атың әлип басында.
Ўатан!
Сөйле садық достым қағаз ҳәм қәлем:
Ўақыт бизге зәҳәр-заққым жуттырып,
Утылсам-өзимди, алдым уттырып,
Тәғдир бизди қоян етип ойнады,
Тубалаўдың тазысына туттырып,
Аҳ! Ойыны жаман өмир дегенниң,
Көзинен өтсем деп қаштым тебенниң,
Адам қарамастай арзанлап баҳам,
Қалса, айыплыман — тек өзим буған,
Мениң авторым-Сен, Ўақыт ҳәм Заман,
Үшеўиң дөреткен бир жанлы затпан,
Шымшықтың салмағы өзине батпан,
Мен кирттай кесекпен өзиңнен шыққан,
Ўатан!
Ўақыт! Кешир! өткен иске салаўат,
Ҳүждан таза болса тән ҳәм саламат,
Енди аўлақ болып бәле-мәтерден,
Адамды қорғайық, қәўип-қәтерден,
Баслы душпан өзимизге-өзимиз,
Шынлықтан шийедей болсын жүзимиз,
«АДАМ» деўге ылайықлы болғаның,
Халқыңа, Ўатанға хызмет қылғаның,
«Халқы сүйген қулдың болмас әрманы»,
Егер, адамсымақ әлле ким болсаң,
Туўмай-туўа шөгип, қурып қалғаның,
Қайырлы ис «кеш болсада-еш емес»,
Ўатан — улын жазалаўға өш емес!
Кеширдиң қаншама осамаслықты,
Еслесем көзимнен татлы жас шықты,
«Нырыққа келер» отағасы жасымда,
Шағал мәслик қурдым шошқа қасында.
Ал, сен кең пейиллик көрсете бердиң,
Бәлким, сениң өлшеў тасың усында!
Уғрас келер теңеў таппадым саған,
Қуны, теңеўи жоқ Бийбирәўшансаң!

Сан, сапа: -Сулыўлық кеўлим унатқан,
Мазмун-мәнис, саўлат, қədди-қәўмет ҳәм,
Ол өзиң, Ўатан!
Пидайы перзентлик ықтыйқат пенен,
Пәк пазыйлет, меҳир-мухаббат пенен,
Бар гүнамды жуўып көңил сүтине,
Ҳадалый инсанлық диянат пенен
Қолымнан келгенниң бәрин бағышлап,
Сүўретиңди салсам деймен нағышлап,
Қоспай жалған ўәде, «жалған жазыўды».
Басласам Аралға арна қазыўды.
Өзиң тәрепинен болса исеним!-
Онда-мен жеңемен! Бахыт дегениң-
Перзентиңе болғай, сенлик исеним!
Ада болмас қурал күш-қуўат маған.
Ең бирлемши ҳасыл байлығым мениң,
Аналық жүрегиң, мийримиң сениң,
Исенимиң ушын, ырзаман саған,
Ўатан!
Аққуў арыўлығы арзыўларыма.
Пәклик уя басса намыс-арыма,
Сенде болмасада менде кемшилик,
Сулыўлығың сиңген қосықларыма!
Тилиң-«жез қанатлы», пейлиң-кең жәҳән,
Сен-кеўлимниң ақ қаласы, ақ бәҳәр!
«Еркин дәрьясы» бар,«Еркин тоғайлы».
Елсең ертектеги жәннеттен жайлы,
Жайлы деп жаныңды оса бериппиз,
Дархан деп дүньяңды шаша бериппиз,
Дәрьяңа ҳәр жерден тас бөгет басып,
Теңизге тамызбай аша бериппиз,
Тубалаўдың тасбақасын-Пегас деп,
Қос тулпардың жалын тоса бериппиз,
«Теңиз қайтты» деген жалған сандырақ,
Өзимиз «ҳурра» лап қаша бериппиз,
Бул сатқынлық жеңил соққан жоқ саған,
Сонда да жарылқап кеширдиң Ўатан...
Ал ҳаббиз саған!
Жер киндиги — Ташкент, Төрткүл, Аққала,

Мөлдир Мойнақ жети ықлымда тақ қала,
«Таллы жағысы бар, «Қара тереңли»,
Елсең-Аралы бар, алтын зеренли,
Шымбай, Қараөзек, Шаббаз, Шорахан,
Теңеўин табалмай ҳайран боламан,
Елликқала, Төрткүл, Қоңырат, Хожелим,
Бәри — өз Ўатаным, бәри — өз елим!
Ақ отаўда гүмбез-алтын шаңарақ,
Үйдиң иши-сырты тола шамшырақ,
Туўылған жер! Бозатаўым-бостаным!
Қарар көзим — Қарақалпақстаным!
Дослық дәрўазасы — алтын босағам!-
Мәңги жас-Ески ел, әй, Ата мәканым,
Анамның-Анасы — сен қәдирданым,
Аман бол Ўатан!
Қәдир-қымбатына мына дүньяның
Жетип; услап-тутсам жадырап жаным,
Емин-еркин күлсем сағыйра қусап,
Төбем көкке жеткени сол,-мың жасап,
Аҳ, Абайлап тутып алақанымда,
Кирпик арасында сақлар болғанда,
Жақсы-жаман, бары-жоғым, йманым,
Сүттей аппақ болар еди-аў ҳужданым!
Өссе бир түбиңнен мың болып шақаң,
Шүкирим көп тәғдириме ырзаман,
Ҳәм мәңгиге миннетдарман — мен саған,
Ўатан!

## ШАХАМАН

Күнхожадан шашыраған шоқ жулдыз,
Сен-Бердақтың шежиреси Шахаман,
Адасып көп жүрдим мен күпә-күндиз,
Шексиз өмир өжиреси Шахаман.

Аўылласлар бизди терген, урысың,
Егер айтар болсам сөздиң дурысын,
«Жекке жүрип ат шапқаны қурысын»,
Шадлығымның шар айнасы Шахаман.

Маған сая болып қара талларың,
Қәбириме топырақ салса балларың,
Жулдызға жеткени сонда қолларым,
Шайырлықтың өлшеў тасы Шахаман.

«Шахаман» бир атың гөне Қараөзек,
Түп- тийкары «Зайыр» дағы бир өзек,
Елге бир нәўбетдур, бизге бир гезек,
Сени тәрийплеўге жетти Шахаман.

Өмир-жарыс, бул сөзде көп мәни бар,
Әне, бир ат қаңғып келди жәниўар.
Әдил ҳәм аяўсыз, қатал заңы бар,
Сен-ат жарыс аренасы Шахаман.

Кетсем, келсем өз үйим деп келемен,
Мени ғарғамайсыз соны билемен,
Қалайда мен шаңлағыңда өлемен,
«Көби кетип, азы қалды Шахаман»

Қуўаныш үстинде айтсам муңымды,
Ағайинлер әпиў етиң бунымды,
Еплеп бир баладай көрсем күнимди,
Хан, султаннан-жолым уллы Шахаман.

Сен едиң Аралдың қубла есиги,
Қараөзектиң кеңислиги Шахаман,
Сен анамның әзиз алтын бесиги,
Туран ойпат тегисли ел Шахаман.

«Қырқала» дан қуяш шықса нурланып,
Ортаңнан «Абат жап» өтер таўланып,
Ашығыма қарағандай урланып,
Жәзийраңды «жутып турман» Шахаман.

Бақсы, жыраў, шайыр келсе таласқан,
Елге илим-ҳикмет урығын шашқан,
Күнхожа, Бердақлар саўатын ашқан,
Мешит-медресели елиң Шахаман.

Көзим көрди айта аламан мынаны:
Қайўақ көрсең ашық жатты қураны,
Ислам демек бул инсанлық ураны,
Иса ахун алым улың Шахаман.

Абдиғафу ийшан атам теберик,
Бир ўақ қуўдаланды қатаң тежелип,
Бүгин оның, дин-ийманы дүзелип,
Жақсының қәдирин уқтың Шахаман.

Артық Шамуратов бас балаң еди,
Кәрамат Султанов дос балаң еди,
Асан Бегимов ҳәм дузыңды жеди,
Мақаш батыр-есил ериң Шахаман.

Туңғыш саўыншылар, Ажар, Райхан,
Бийбисара, Айша, Улбосын, Айман,
Көбиси бул күнде бейиште миймам,
Ийманлы инсанлар еди Шахаман.

Баслы дийқан балаң Махмуд, Төрехан,
Байнияз, Меңлибек, Сейтнияз сыйпаң,
Абдол аға және Қабылбек қыйқаң,
Сениң белли перзентлериң Шахаман.

Айтсам онбес мың күн, бес жүз айларды,
Төренияз, Жүсипбек, Сарқытбайларды,
Олар гербиш өрип салған жайларды,
«Саўын баз» деп ардақлаймыз Шахаман.

Зерғуббалы мақпал тақыялары,
Көп бул елдиң қызық ўақыялары,
Гүлсәўир, Гулсара, Тотыялары,
Гүлзийра, Шәўгиллер гүлиң Шахаман.

Бүгин шар-тәрепке ушты қыялым,
Зийнеп, Разия, зулпы-зиялым,
Жақсының жақсысын айтпай, обалын-
Мойныма алыўға болмас Шахаман.

Айгүл айдан ағла пискен жемистей,
Сағынаман сыртта жүрсем көриспей,
Бенде болып қолға түскен «немистей»,
Таңсықбай тарийхшы балаң Шахаман,

Аға ақыл айтса орынлы, заңлы,
Талай өткизгенбиз өрели таңды,
Көп қыйнай бермесин Парахатжанды,
Абдуллаға абайлы бол Шахаман.

Мениң ушын бейиш атыз, шеллериң,
Океанға бергисиз «Арпа көл» лериң,
Пәшен тауда өскен қошқар гүллериң,
Бантик таққан бурымларың Шахаман.

Жериң жасыл мақпал, гүлгин дарайы,
Қызларында Ҳүрлиманның шырайы,
Турандағы дин-исламның орайы,
Тарийхый теберик төрим, Шахаман.

Заманлас қызларды көрсем жасқаныл,
Қатар-қурбы, жаслар менен мақтаныл,
Абат жаптың саз кесегин дастаныл,
Жатсам жайлы жерим өзиң Шахаман.

Саған теңеў таппай иштен күйемен,
Өзиң барда уллы күшке ийемен,
Түсиниксиз дым бир түрли сүйемен,
Шаңлағыңның шаң тозаңын Шахаман.

Сөзи сыйлы мусылманыў-орысқа,
Қарақум ийшаның, Қүлен болыс та,
Бармай-ақ қояйық онша алысқа,
Сүйин, Әбдир «РайЗу» ың Шахаман[1]

Қурбанияз Оспанов дизим басында,
Әжинияз, Тәжимурат болды қасында,
Суў алыспа, сүргин көрип жасында,
Турды, Упат мәкан еткен Шахаман.

Саўлығыңды тилеп, сөйлеп сөзиңди,
Ҳинд елинен излеп келип өзиңди,
«Қара дуғдыр» болған иңки изинде,
Тедя Синех бас шыпакериң Шахаман.

Шәўгүл-батыр қызың ҳасыл зат еди,
Гүлзийра қыз-туңғыш депутат еди,
Қызларың  салланған салтанат еди,
Бәриниң гуўасы өзиң Шахаман.

Ата-журтым, мәнзил мәканым мениң,
Шет-шебирсиз жақты-жәҳәним мениң,
Кеўлимниң Кабасы, Ўатаным мениң,
Жасыл-жайлаў, жапсар-төрим Шахаман.

Мухаббетим сәтли-сәтсиз қәдемим,
Рухымның ақ отаўы Шахаман,
Өз топырағым, өз ўатаным, өз елим,
Сен Бердақтың Бозатаўы Шахаман.

Жақсыбийкелердиң жипек отаўы,
Гүлсараның гүлдей нәзик жилўасы,
Тотыя дер тоқсан қызға бир басы,
Татыйды деп тәрийплеймен Шахаман.

Усы қызлар менен заманлас едим,
Мен ҳәм бир ўақ қатарымның басы едим,
Бердақ бабам менен аўыллас едим,
Шайырлардың шәрдереси Шахаман.

Ең қәдирли жораларым өзиңде,
Көзсиз қәтелестим жаслық гезимде,
Сонда ҳәм жақсы сөз қалар изимде,
Жатар жерим, батар көлим Шахаман.

Қайда, қатар қызлар кеўлим унатқан!,
Өтеалмадым олар сызған сынақтан,
Төрели қыз Сәҳибжамал Саятхан,
Қәдири қымбат қәдирданым Шахаман.

Енди жутажақпан сөздиң изини,
Ада болмас жақсылардың дизими,
Алды менен өз жақыны өзини,
Адам улы сыйлай билсин Шахаман

Шәддес болдым шаңлағында шаңғыттым,
Зайджан болып мени сыртта қаңғыттың,
Мен «үш өлип», үш мәртебе қан жуттым,
Бирақ өзиң сақлап қалдың Шахаман.

Алпысыншы жетписинши жыллары,
Мени мәңгүр етип тәғдир жоллары,
Үш рет «қырсығы» салып қорлады,
Оның тири гуўасы сен Шахаман.

Тулпар едим шабалмадым узаққа,
Ат байрақтың изи дөнди азапқа,
Мен үш рет «уяладым» ГУЛАГ та,
«Ер қәдеси төрт» болмағай Шахаман.

Ата-анам еки гөдек сағыйрам,
Қәдирлей алмаған аяўлы дүньям!
Кеўлимниң каабасы Мәкке-Мәдинам,
Гунам «қақлы қум» нан аўыр Шахаман.

Сатқын ҳәм өлерде аңсар өз елин,
Ал, мен мудам паналадым «сөз елин»,
Аллам, аңсатынан берип әжелин,
Топырағыңа қуўыстырғай Шахаман.

Туран ойда ағартыўдың ордасы,
Мешит-медресели билим қордасы,
Қарақум ийшанның жалғыз бир басы,
Ийманның иргеси болды Шахаман.

**Аңлатыў:** Сүйин Бекназаров, Әбдир Төрешов Шахаман, Қараөзек районында РайЗу (жер басқармасы) баслығы болған белсендилер. Әжинияз Палўанов, Тәжимурат, Турды Мәтқурбанов, Упат Мәткаримовлар аўыл, ел басшылары, ветеранлар Гулзийра Артықова бурынғы аўқам Кеңесиниң биринши шақырық депутаты, Оспанов Қурбанияз усы районда райатком баслығы болып ислеген.

Қайран халқым, ел-журтым деп жамраған,
Кеўилдегин қас-қабақтан аңлаған,
Жақсысын асырып, алғыс арнаған,
«Адам таныў» кәспи-кәриң Шахаман.

## НӨКИС

*(Нөкис қаласының 60 жыллығына тойхат)*

Тамамы тулғасы тилла зербарақ,
Әмиў бойындағы әлҳасыл дарақ,
Ҳәр пуқараң ҳәр күн өзине қарап,
Ҳал-жағдай, жөн-жосақ сорасар Нөкис.

Шәҳәр салып қаңбақ ушқан даладан,
Қасым аға ирге тасын қалаған,
«Ашшы көл», «Бес төбе» усы кәрадан,
Көркиң Қара таўға нур шашар Нөкис.

Еки шөлистанның шегарасында,
Қызкеткенниң жуп жағасы қасында,
Еки отыз-әйне алпыс жасында,
Тойларың тойларға уласар Нөкис.

Сол саҳипжамалға естелик яңлы,
Қызкеткен бойында турыпсаң заңлы,
Сууға кеткен жаслық арзыў-әрманы,
Саған ығбал болып жол ашар Нөкис.

Усы жөн деп бир «жөнсизлик» етерем,
Арал толса мен ҳәм суўға кетер-ем,
Ал, тәғдирге өтпес аброй қөтереӊ,
Болсын десе қудай қарасар Нөкис.

Ҳеш биргелки болған емес жер бети,
Тарийхтың ҳәм ала-шубар ҳәр бети,
Сондай қырық қурақ-халқы, миллети,
Дослық десе өзиң дәнекер Нөкис.

Ақшам Қызкеткенде жулдыз қонақлап,
Турасаң олардың уйқысын бақлап,
Сийнеңде соншама сулыўлық сақлап,
Жасырсаң бир өзиң гүнәкар Нөкис.

Қудиретсең шаңға, шөлге шыдамлы,
Қыр гүлисең, нәзиклигиң унамлы,
Бир теңеўге сексеўилиң жарамлы,
Ол ҳәм сендей, шөлге жарасар Нөкис.

Жолда түсип қалған алтын зерендей,
Қызыл қумға жуққан көгис реңдей,
Тарийхы шыңыраў, түпсиз тереңдей,
«Ашшы көл» иң ашшы сыр ашар Нөкис.

Бийғәрез Ўатанның ҳадал перзенти,
Туран ойпатының нәўпир бир кәнти,
«Уллы жипек жолы» ның бир дәрбенти,
Тарийхыңа дүнья таласар Нөкис.

Барсаң барлық жақсы истиң басында,
Қосығым-қураным, өзим қасыңда,
Еки отыз-еки келин жасында,
Бизге алпыс алма атарсаң Нөкис.

Арыўлықта айға аўқам боларсаң,
Дарханлықта даңқы дара диярсаң,
Бестөбеге қарай қанат жаярсаң,
Сөзге емес-сыйсаң көзге сыярсаң,
Саған миллиард мақтаў миясар Нөкис.

## ДАЎЫТКӨЛ

Қолдан жаратылған қашы қасында,
Турман, өзге тири жан жоқ қасымда,
«Еркин тоғай» гүрлеп тумлы-тусында,
Сени сергек бақлап турар Даўыткөл.

«Шортанбай тоғайы» оған ушласып,
Әмиўдәрья еки мәрте ушырасып,

Оннан кейин өзиң менен «хошласып»,
«Порлытаў» ға бағдар алар Даўыткөл.

Тораңғыл қаплаған қашы қоршалап,
Жарқырап жатырсаң аспанға қарап,
Суў шетин жыңғыллық, пишензар орап,
Дәл ортада шайпаласаң Даўыткөл.

Қус қанаты яңлы айдын формасы,
Тәбияттың өлшеп берген нормасы,
«Қыран таў» ға тиреледи бир басы,
Сулыўлықтың символысаң Даўыткөл.

«Қус базары» өзиң «Еркин тоғайы»,
Жанлы маржанлардың мазлум сарайы,
Қыр-дөгерек жасыл жипек дарайы,
Бейиш ҳәм өзиңнен өтпес Даўыткөл.

Бизди булдыраған сағым қыйнамай,
Суўыңда суў пери-илҳам ойнағай,
Арыўлық сақланған алтын айнасаң.
Көздиң отын жутып турсаң Даўыткөл.

Не жетеди дейсең ушқан уяға?!
Сезимлер теңизге, көлге сыяма?
Миллион «Балатон» ға, «Виктория» ға,
Бир тамшыңды аўмаспайман Даўыткөл.

Қуяш нуры айдынында шағылысып,
Толқыннан ақ гүмис ушқынлар ушып,
Суўда сәўле сынса, боз думан көшип,
Сулыўлық салтанат қурар Даўыткөл.

Даңқы бийкар таралмайды көлдиң де,
Тийкарсыз шықпайды аты елдиң де,
Дәрья, көл болмаса қара жердиң де,
Соры қайнап, қуты кетер Даўыткөл.

Даўыт деген менен ҳүрдей жамалың,
Қайўақ пайда болды жасың нәмәлим,

Қамыслық қоянның түгинен қалың,
Айдының айнайы жәҳән Даўыткөл.

Өскен жердиң бир әжайып мүйеши,
Әрўақлы жер, бар илаҳий кийеси,
Өзиң илҳам перисиниң ийеси,
Шайырлықтың шар айнасы Даўыткөл.

## БӨРШИ БАЎРАЙЫНДА, ЕСИМ БОЙЫНДА

Дүбирге шыдамай жәзийрий жаным,
Мине мерекеге келип турғаным,
«Көрип болды» дейди тойдың әнжамын,
Бөрши баўрайында, Есим бойында.

«Жигиттиң үш журты болар» деген бар,
Ертеңинен үмитим зор дәмем бар,
Қарап турсаң бир әжайып әлем бар,
Бөрши баўрайында, Есим бойында.

Саған қуяш нуры бурын түседи,
Сенде теңиз жели туңғыш еседи,
Гәўҳар түкли қамар қозы өседи,
Бөрши баўрайында, Есим бойында.

Күн нурын сындырып жүзиктиң қасы,
Жазсам Қаратереӊ қосықтың басы,
Айтжан сазендениң әзиз намасы,
Бөрши баўрайында, Есим бойында.

Аббаз баслап шайырлардың кәрўанын,
Көрмейсең бе леклеп келип турғанын,
Избасар ҳәм Хожамураттың әрманы,
Бөрши баўрайында, Есим бойында.

Палўан жанбас урар, келсе қолайға,
Тандырды қызғанда жабың қалайда,
Мазмун сәйкес қәдди-қәўмет шырайға,
Бөрши баўрайында, Есим бойында.

Жасыл көрпешедей қырық қурақлы,
Шалы атыздан өним алдың турақлы,
Мийнети көп болса, наны да татлы,
Есил Өтенияз бар Есим бойында.

Ҳармасын айтаман барлық жасларға,
Қурбы-қурдас үлкен киши жасларға,
Көз айдын көз көрген аўылласларға,
Бөрши баўрайында, Есим бойында.

Оң жақтан туўылған алтын ай болып,
Юбилей жылында кеўлиң жай болып,
Шадлана бер той үстине той болып,
Бөрши баўрайында, Есим бойында.

Еске алып Қара ой, Есим бойларын,
Ел тәрепке ентелеп тур ойларым,
Халқым қутлы болсын жеңис тойларың,
Бөрши баўрайында, Есим бойында.

Қәўметиң көзимнен бир-бир ушып тур,
Қыялым Жайҳундай толып-тасып тур,
Мени әрман аты алып қашып тур,
Бөрши баўрайында, Есим бойында.

## ӘРМАНЛЫ АРАЛ

..Суўында жулдызлар жымыңласады,
Қамыслар өз-ара сыбырласады,
Толқын бирин-бири қуўып қашады,
Сәлем Арал, суўда жулдыз жанған жер.

Туран-Түркстанның көзи, қасы едиң,
Қуўанышлы көзлеримниң жасы едиң,
Азияда арыўлықтың басы едиң,
Өлме Арал — киндик қаным тамған жер.

Қәне дәртлесейик, еки әрманлы,
Дузлы шаңғыт көмип кетип арбамды,
Туўылған жер атлы алтын ордамды,
Көзим қыйып қайда кетермен Арал.

Шар айнамсаң шөлистанда жайнаған,
Мақтаныш ҳәм мәдет едиң сен маған,
Қосықларда муңлы саған арнаған,
Қәйткенде кеўлиңе жетермен Арал.

Бир ўақ толып-тасып, бурқып тур едиң,
Гүмис сағым, зер думанлы нур едиң,
Мен, усыған шүкир етип жүр едим,
Бүгин ҳалың мүшкил нетермен Арал.

Әлемге белгили сүўен, сазаның,
«Қус базары»- алақанат азаның,
Шалқар суўым, қазнам, ырыс қазаным,
Дәртлессең, мен сеннен бетермен Арал...

Қаяқта, Мойнақтың мақпал көллери.
Бердақ, Күнхожаның жүрген жерлери,
«Арал-Аққум»-тубалаўдың шөллери,
Қабырғамды қалай сөтермен Арал.

Ҳикметли сөз әлимсақтан таралған,
Тиришилик дәслеп суўда жаралған,
Қуяштан күш-қуўат, суўдан нәр алған,
Инсанияттан инсап күтермен Арал.

## ҒӘРЕЗСИЗЛИК ГИМНИ

Дослық, бирлик-диянаты,
Ийман-ислам истихаты,
Пайғамбардың парасаты,
Ата-баба аманаты,
Ал аманат — Алла аты —,
Ғәрезсизлик, ғәрезсизлик!

Қәдир-қымбат қәсийетим,
Ар-намысым, күш-қудиретим,
Сен арқалы тоным пүтин,
Әдеп-икрам ақ нийетим,
Ғәрезсизлик, ғәрезсизлик!

Ана тил — әзиз Анасы,
Дүрдана сөз, дара басы,
Биссимилла басламасы,
Сөз сереси нама басы,
Ғәрезсизлик, ғәрезсизлик!

Шежиреси узақ дәстан,
Келешеги айдынласқан,
Тәғдириңе табақласпан,
Өс-өркенле Өзбекистан!
Ғәрезсизлик, ғәрезсизлик!

Ўатандарлық сана-сезим,
Ҳәм парахат өмир өзиң,
Сөйлер тилим, көрер көзим,
Түпкиликли түркий сөзим,
Ғәрезсизлик, ғәрезсизлик!

Миллий мийрас, мәдениятым,
Ана тилим, әдебиятым,
Дин-ийманым, диянатым,
«Дешти қыпшақ» ўалаятым,
Ардақлаған адам атын,

Мақтанышым ҳүрриятым,
Ғәрезсизлик, ғәрезсизлик!
Ата-баба тийкар салған,
Теберик Туран, Түркстан,
Тилден бурын пайда болған,
«Қол қатылмас дүньялық заң»-
Ғәрезсизлик, ғәрезсизлик!

Ҳадал мийнет, ақыл-сана,
Әдеп-икрам, тәртип және,
Биреўге-биреў пәрмана,
Болса болар сонда ғана,
Ғәрезсизлик, ғәрезсизлик!

Намыў-нышан қәдирият
Герб, гимн-зор салтанат!
Ўатан туўы турса жайнап,

Итималлық, имканият,
Ғәрезсизлик, ғәрезсизлик!

Азатлықтың байтереги,
Мәмлекеттиң жан-жүреги,
Барлығының түп-дереги,
Өзбекистан бахыт ели!
Саў бол, уллы мәртебели,
Ғәрезсизлик — Мустақиллик!
Ғәрезсизлик, ғәрезсизлик!

*1995-жыл*

## ҒӘРЕЗСИЗЛИК БАЙРАМЛАРЫ

Президенттиң пәрманлары,
Халықтың арзыў-әрманлары,
Көзлериме сүрме болсын,
Ғәрезсизлик майданлары,
Қутлы болсын Өзбекистан,
Шадлық, бахыт әййямлары.
Миллий мәжилис, мерекемиз,
Ғәрезсизлик байрамлары,
Аяўлы алтын уясаң,
Сен-Аралсаң, Азиясаң,
Көзлериме тотыясаң,
Бийнуқсан, бийбаҳа ўатан,
Жаным Қарақалпақстан!

Узағына қутлы болсын,
Саламат әўлад дәўранлары,
Ғәрезсизлик байрамлары,
Журт басшы кәрўан баслап,
Пуқарасы қоллап-қошлап,
Ат қошшылар көш тартады,
Еркин, батыл дизгин услап.
Зер қанатым алып ушқан,
Қуўанышым толып тасқан,
Ағартыўдың әййямлары,
Қутлы болсын Өзбекистан,

Ғәрезсизлик байрамлары,
Темурийлар тажы-тахты,
Мавереннахрдың пайтахты.

Бухарасаң, Самарқандсаң,
Қандай ҳадал сүттен ҳақсаң,
Ғәрезсиз илаҳий бостан,
Сен-Хорезм, Қарақалпақстан,
Бәршемизге қутлы болсын,
Ғәрезсизлик байрамлары,
Өзбекистан, Өзбекистан!

Әндижансаң, Наманגансаң,
Қашқадәрья, Ферғанамсаң,
Сурхандәрья уллы таўсаң,
Сен Жиззақсаң, Сырдәрьясаң.
Мағрифеттиң түп сағасы,
Алтын орда, ақ отаўсаң,
Жаңла дослық қасидасы
Ғәрезсизлик мушайрасы
Жайна-жасна Өзбекистан.

Өзбегим өз қәдирданым,
Ўатан- ортақ, дин ийманым,
Сен мениң Мәкке-Мәдинам,
Темурий Туран, Туркистан.
Қутлы болсын ел халқыңа,
Азат өмир әййямлары,
Ғәрезсизлик байрамлары,
Өзбекистан, Өзбекистан!

## ОРАЙЛЫҚ АЗИЯ — ОРТАҚ ЎАТАНЫМ

*(Бес мәмлекет пуқараларының тәрип қосығы)*

Хорезм, «Бес қала» ата-мәканым,
Ислам кәраматлы динлерим бардур,
Орайлық Азия — ортақ Ўатаным,
«Аты қарақалпақ еллерим барды».

«Жайлаўым Үргениш арқасы теңиз»,
Өзбек, түркмен менен тутас иргемиз,
Қазақ, қырғыз, тәжик пенен биргемиз,
Түрки тайпа, Ана тиллерим бардур.

Өзбек, түркмен, қазақ, тәжик, қырғызбан,
Түп сағамыз бир ул менен бир қыздан,
Түркий миллет, жайнаған шоқ жулдызбан,
Азаў-ғазаў аға-инилерим бардур.

Ортақ дәстүримиз, кәспи-кәримиз,
Миллий мийрас, абырай намыс-арымыз,
Туўраний теберик пайғамбарымыз,
Хожа Ахмед Яссаўий пирлерим бардур.

Қызылқум, Қарақум шөлдур қашшаннан,
Шөлистан деп биз безбеймиз Ўатаннан,
«Тубалаўдың төл туңғышы» атанған,
«Арал-Аққум» дузлы шөллерим бардур.

Арал-алтын жүзигимниң қасы еди,
Шыны шүлен қазан! Пискен ас еди!
Азияда арыўлықтың басы еди!
Айтсам ат басындай әрманым бардур.

Арал анамызды жоқлап жылаған,
Шарбы бултқа шалқа түсип қараған,
Изейкештиң кермек суўын жалаған,
«Қара тереӊ», «Алтын көл» лерим бардур.

Халқым қайта туўды, ийманы — Қуран,
Жумыс орны-Арал, иргеси — Туран,
Теңизим толады қулласcы қәлам,
Тил үстинде өскен гүллерим барды.

*7-8-январь, 1994-жыл*

## ҚУТЛЫАЯҚ

I

Билмеймен кишемниң ала көпеги,
Мени көрсе көп еркелик етеди,
Лекин, нан жеседе алақанымнан,
Үриў ушын өз үйине кетеди.
Мени сонша жақсы көреди, Бирақ,-
Мәрьямның меншикли ийти Қутлыаяқ...

II

Үйге келсем түнниң қайсы ўағында,
Сен қалай сезесең гәптиң ҳағында,
Қыйрақлап, секирип еки жағымда,
Мәзи-мәйрам болар едиң, Қутлыаяқ.

Сылт еткендей сес шығармай жүрсем де,
Сездиң, қашан, қай тәрептен келсем де,
«КПЗ»-ның кири қатқан еңсемде,
Сен асылып турар едиң, Қутлыаяқ.

Бойыма шапшыр ең алдыма келип,
Баладай еркелеп, сынаптай ерип,
Сонда ийт көзиңде мүриўбет көрип,
Кеўлим ыдырап кетер еди, Қутлыаяқ.

III

Бирге өскен сол арнаның қасында,
Бар сапсети дүньяның бир басымда,
«Қазан гөне, ел жаңарар жасымда»,
Неге сени еслеп турман, Қутлыаяқ?

Билмедим, атадан алдымба ғарғыс,
Билқастан бийжөн гәп айтпадым ҳәргиз,
Сонда да минекей жападан-жалғыз,
Өзим менен өзим қалдым, Қутлыаяқ.

Бир қайсар күш қыбырлайды қанымда,
Бирақ, сен ҳәм жоқсаң, бүгин жанымда,
Адам бар ақламас, жеген нанын да,
Ийт бар ийт деп айтып болмас, Қутлыаяқ.

Қазан қорқытады күйеси менен,
Шарўа қорқытады түйеси менен,
Ийтти де қыйнасын ийеси менен,
Әўлие жақынын қоллар, Қутлыаяқ.

Ийт пенен нәресте адам таныйды,
Ийт жақсысы ийтаяғын қорыйды,
Буны баз биреўлер терис жорыйды,
Ийт емес инимдей болған Қутлыаяқ...

## IV

Нәзерим қол жетпес жулдызды жаўлап,
Қыялым қалыңнан қырғаўыл аўлап,
Турсам, келдиң мақпал көзиң жасаўрап,
Не гүнайың болды, жаным Қутлыаяқ.

Дәслеп көп ийт талаған-аў деп едим,
Бир майданнан кейин билдим себебин,
Мисли айтып турған яңлы көзлериң,
-«Қуўаттың май жаққан нанын жеп едим...»

Қуўат, нанды саған өзи «асатқан»,
Сен жақынсаң оған «любой» досақтан,
Сонда қолын «сүйип» алғаның ушын,
Кишем сени жазалапты наҳақтан.

«Әтөшкир» диң ушы тийип басыңа,
Ырқ берип көзлериңниң жасына,
Шағынып келдиң бе, мениң қасыма,
Мен ҳәм сендей «қорықшыман» Қутлыаяқ.

Адамлар бар, өз жақынын жақламас,
Бала, ийт кеўлинде гирбиң сақламас,
Олар бирин-бири қаппас, «боқламас»,
Қуўат мине, және келди, Қутлыаяқ.

Тәртип береалмайман, оған буйырып,
Қәҳәрленсе зеребесин үйирип,
Ол сен түўе әжағамды шыйырып,
«Мүйешке какшыйтып қояр» Қутлыаяқ.

...Ағамның аңкылдақ ала көпеги,
Кек сақламай кетегине кетеди,
Ҳеш гәп болмас тән жарасы питеди,
Жан жарасы питермекен, Қутлыаяқ.

## V

Кемпир апам: -«Ҳәй ийт сениң» дер еди,
Халық ийтти баладай пәк көреди,
Адам-ийтке, ийт-адамға кереги,
Социаллық зәрүрлилик Қутлыаяқ.

...Мениң кеўлимдеги гүдик гуманлар,
Сараланып атыр жақсы-жаманлар,
Адам ийти, ийттен бетер адамлар,
Бар екенин билмес елим, Қутлыаяқ.

Опадарлық тымсалысаң — өзиң сен,
Еки үйге теңдей садық едиң сен,
Анамның да қолынан нан жедиң сен,
Мәрьямды да кеширe бер, Қутлыаяқ.

Өмир жолы толы әрман, азапқа,
Мен үш рет барып қайттым «дозаққа»...
Ким түспейди әжел деген дозаққа,
Ықласыңа ыразыман, Қутлыаяқ.

## VI

...Негедур еследим садық ийтти сол,
Күшигинде көп еркелик етти, ол,
Кишемниң бул күнде қасқыр ийти бар,
Ал, Қутлыаяқ «ийт үрмеске» кетти ол,
Мени қанша жақсы көрседе, бирақ,
Мәрьямның малайы еди Қутлыаяқ...

## ДОСТЫМА

Абрай-мәртебеден мийиң айланар,
Мақтаўлардан мәс боласаң ҳәдден тыс,
Қапталыңда «саяң» — жалған дослар бар,
Пәйик болып жүрген қыр-әтирапыңда.

Сонда мен ҳәм сени излеп бармайман,
Ал, өзиңше? Мени еслемейсең ҳәм,
Олар айтқан қам гәплерге инанып,
Сен қыял сүресең, шоршып оянып,

... Исиң қайтты, қалды достан қаншасы?
Қалған йоқ, жүз бурып кетти бәршеси,
Умманда адасқан кемедек мысал,
Таянышсыз, жалғыз турыпсаң бийҳал.

Көзлериң мөлерип қарап тум-тусқа,
Әттең, досларыңнан ким бар қасыңда?
Руўхый мәдет күтер қәлбиң бийҳуўда,
Өтти бәри көзди ашып-жумғанша...

Узын-шубай көк жийекке телмирип,
Ойшаң тигилерсең, солғын нәзериң,
Көрсеткенлер ушын ақты қара деп,
Жәнe кепиллигиң зәрүрдур сениң.

... Тас түнекти қақ айырып барсам мен,
Ҳал-жағдайың мәлим болған заматы,
Гүман-гүдиклерди шил-пәрше қылып,
Кеўлиң жайрап кетер мени көриўден.

Әзийзим, мен сонда сениң қасыңнан,
Табыламан. Саған сүйеў боламан,
Баяғыдек жан досларға қосылып,
Тек қәдем басларсаң. Дуўа қыларман.

## ШАЙЫР МЕКТЕБИ

Ғарғалардан үйренсек,
Туўған жерди сүйиўди,
Үйренемиз ҳәккеден,
Шықылықлап күлиўди!,
Бәлким түлки үйретер,
Қызға шуба кийиўди!
Үйренемиз тышқаннан,
Қәйтип дүнья жыйыўды,
Шағаллардан шуўласқан,
Үйренермиз улыўды,
Шағаладай шақақлап,
Билмеймиз биз күлиўди,
Мәртебели маймыллар,
Таўып берсин сулыўды,
Қайтып келип карлығаш,
Уя салар үйимде!
«Және қайтып келди», - деп,
Оны «сатқын» дейин бе?
Шегирткедей шырылдап,
«Ойнай берме мийимде».
Ғарғаң боқлық тинтип жүр,
Нәпси тойған жеринде,
Жоқ арнаўлы мәканы,
Таяр мысал – тегинге,
Ғәремет айтып ғарғаға,
«Кешир» тийсем зейинге,
Почтальон болған кептерлер,
Ғарғадан кем дедиң бе?
Ғарғамайман ғарғаны,
Айтаман сөзди сыйымлы,
Шайырға не, бәринен,
Гонороры тийимли,
Қосық жазар қыялый...
Жатып алып үйинде,
Астар, тысы ала ма?
Турған гәп жоқ кийимде,
Шайыр атын көтериў,

Керек ғой бир түбинде,
Яр ышқында күйиўди,
Туўған елди сүйиўди,
Ғарғалардан үйрениў,
«Проблема бүгинде»...
Тоты қустай тәкирарлап,
Бүлбилден ал кегиңди,
Буннан артық не керек,
Айтты сөзин шегелеп,
Сөз арнасы тыйылды,
Асқатығы суйылды,
Сезимталлы бир шайыр,
Пирин таўып сыйынды...

## ӨТИНИЎ

Қатарыма қарсы сөйлеп билмедим,
Қырыққа шыққанда нырыққа келмедим,
Соннан шығар елиў жасқа шықсам да,
Достым бизди нәзерине илмеди.

Жүрмен еле «етек, жағам» жабылмай,
Аман болсақ болар «нетип-неғылбай»,
Айтабақтай газетаңның бетинен,
Қосығыма қалды орын табылмай.

Қатарлықта сизден қоллаў күтемен,
Сизди көрсем ийбе сақлап өтемен,
«Субьорд...» сақлап көпшиликтиң көзинше,
Сизге әжағамдай ҳүрмет етемен.

Ийт те болсам ортақ иргем, заманым,
Еле мениң тайғанап жүр табаным,
Егер сениң шарапатың тиймесе,
Мениң ушын қара тийин ҳамалың.

Ҳәмел — дәўлет қусы қолың жетеди,
Заңлы қубылыс-орнын таўып кетеди,
Тек мен емес, заманласың қатарың,
Өмирге бир рет келип-кетеди,
Қосығымды көзге илсең нетеди.

## ГҮМАН

Адам исенеди гүман етпесе,
Ақмақ гүманланар көзи жетпесе,
Гүманланыў қорқақлықтың бир түри,
«Қорыққаннан қос көринбес» өйтпесе.

«Қалай?»... усы өзгерислер дурыс па?
Кешегини дүзетиў ҳәм жумыс па?
Кишипейилмиз-аў керегинен де,
Сыпайылық зәрүрмекен жарыста.

Мүмкин емес, -Тең барыўы барымға,
Бизди алдап түсирмейме қарымға?
Мынаўыңа көзим жетпей турыпты,
Тексерейик... және қалсын жарынға-

Деп, бәрине гүдикленип қарайды,
Алды менен жети атаңды сорайды,
Табан асты тәсил ойлап табады,
Көмешине күл тартыўға қолайлы.

Гүман-гүдик ақыры бир күн майырар,
Инсаниятты исенимнен айырар,
Ҳадаллық, садықлық, дослық жоқ жерде,
Гүман атлы ҳайўанаттың бәри бар.

Гүман: қошқар көрсе-мынаў қозы дер,
— Қалай-қалай қалалының қызы дер,
Аңқылдаған ақ көкирек адамды,
— Барып турған ала аяқтың өзи дер.

Гүманшыл, ғыйбатсыз жасай алмайды,
Гүман ийти өз ийесин алдайды,
Ғәрип-ашық азат гүман-гүдиктен,
Перзент анасынан гүманланбайды.

Исеним тулпары саған айтарым:
Гүман-гүдик, жәнжел бәри бир қәўим,
Берекет жоқ гүман-гүдик бар жерде,
Бул иллетти өз төринде тойтарың.

Илаҳий исеним деген ат пенен,
Ҳасла инсаныйлық мүнәжәт пенен,
Кисенлеймен гүман-гүдик ғашырын,
Тоқтатыңлар! Ойнағанды от пенен.

Гүман қурты көкирекке жыйналған,
Сени айра салар сулыў әрманнан,
Мен муҳаббат дүньясына садықпан.
Мен исеним әсирине қурбанман.

## ТОПЫРАҚ

Туўылған перзенти жасы көзинде,
Ана қәбирине топырақ салады,
Ел топырағын күсер өлер гезинде,
Ғайры журтта жүрген ўатан адамы.

Қәйинене қутылса жаман келиннен,
Айтар: «алды-артыңа топырақ бийҳая»,
Бул сөз түсингенге аўыр өлимнен,
Бирақ парықламас пәмсиз ол ҳаял.

Ағам атланғанда өткен урысқа,
Бир түйиншик топырақ алып кетипти,
Қәйдем, не пайдасы тийди урыста,
Әйтеўир ол, сол ырымды етипти.

Бул топырақ адамға сонша қымбатлы,
Я киндиктиң қаны тамғанлықтан ба?
Ол сонша жайдары, сонша айбатлы,
Адамларға ана болғанлықтан ба?

Инсан ырысқы өнер усы топырақтан,
Сақый дастурқан ол, сондай қолы ашық,
От, суў, кийим-кеншек келмес бир жақтан,
Ана топырақ көзлериме қарашық!

Бардур тәбияттың мынадай заңы,
Саяхатшы жолға шыққан ғамланып,
Қанша ўақыт шарласа да дүньяны,
Сол шыққан жерине келер айланып.

## МАЗМУНЫ

Әскербай алпыс жасында. *И.Юсупов* ..... 3
«Шайырлық қайдан шығады...» ..... 4
Балалық ..... 9
Сағыныш ..... 10
Аўыллас қызға ..... 11
Аңсаў ..... 12
Ядқа алыў ..... 13
Сол мәўрит ядыма түсе береди ..... 13
Муҳаббат айралық пенен мазалы ..... 15
Сен келесең, зейниңе жан тиймеген ..... 16
Арал қызына ..... 17
Қарақалпақ қызлары ..... 18
Келиншек ..... 20
Аббазий сөз ..... 21
«Ағаш қуйрық» ағама ..... 22
Еле бизди пүткил дүнья биледи ..... 23
Байшубардың басқан жери гүл болсын... ..... 25
Лирикалық фалсафа ..... 27
Суўлар ағар салмадан ..... 27
Жамғыр жазған қосық ..... 29
Гүз ..... 31
Қарақалпағым ..... 33
Ана тилим — алтын ғәзийнем ..... 34
Өзиң, яр болагөр Зийўарым мениң ..... 37
Бердақ пенен сөйлесиў ..... 41
Ҳәрким өзи болар, Бердақ болалмас ..... 43
Дослығы — ийманы еди Бердақтың ..... 45
Айрылса ..... 46
Болар ..... 48
Жеккелик ..... 49
Жаным сүйген туйғылар ..... 49
Садықлық ..... 50
Қосық ҳаққында қосықлар ..... 52
Қосығыма ..... 54
Қосығым ..... 55
Ақ қосық деген усы ма? ..... 58
Айырмаң ..... 60

Сәўбет .......... 64
Ким сулыў .......... 66
Мойынлаў .......... 67
Көринер .......... 68
Жаслар менен жас болдың деп сен мени .......... 70
Даралық улыўмалықтан басланады .......... 71
Өз пәмимниң, өз пейлимниң Қулыман .......... 72
Жарасар .......... 73
Бийтаптың ишки кеширмелери .......... 74
Ана .......... 76
Дослық ырғақлары .......... 78
Ташкент .......... 78
Шыққан шаңарағым, өскен шаңлағым .......... 81
Түркстан — тарийхый ата мәканым .......... 86
Еки иниме бир жуўап .......... 87
Өзбекистан — өз елатым, өз елим .......... 88
Ўатан .......... 89
Шахаман .......... 94
Нөкис. *(Нөкис қаласының 60 жыллығына тойхат)* .......... 100
Даўыткөл .......... 101
Бөрши баўрайында, Есим бойында .......... 103
Әрманлы Арал .......... 104
Ғәрезсизлик гимни .......... 105
Ғәрезсизлик байрамлары .......... 107
Орайлық Азия — ортақ Ўатаным .......... 108
Қутлыаяқ .......... 110
Достыма .......... 113
Шайыр мектеби .......... 114
Өтиниў .......... 115
Гуман .......... 116
Топырақ .......... 117

# Ә. Әжиниязов

# ҚОСЫҒЫМА САЙЫЛМАН

*«Билим» баспасы*
*Нөкис — 2016*

Редактор *З. Өсербаева*
Көрк. ред *И. Сержанов*
Художник *К. Реипназаров*
Тех. редактор *З. Алламуратов*
Оператор *Г. Серимбетова*

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 29.03.2016. Қағаз форматы 84x108 $^1/_{32}$. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы «ПРАГМАТИКА». Көлеми 3,75 б.т. 6,36 шәртли б.т. 6,74 есап б.т. Жәми 1000 нусқада. Баҳасы шәртнама бойынша.

Буйыртпа № 83-16

«Билим» баспасы. 230103, Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

**Электрон мәнзил:** bilim.baspa@bk.ru

Өзбекистан Баспасөз ҳәм хабар агентлигиниң «Ўқитувчи» баспа-полиграфиялық дөретиўшилик үйи. Ташкент-206, Юнусабад районы, Янгишаҳар көшеси, 1-жай.